Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Demis

Ngabei Yasadipura I

irektorat
dayaan

temen Pendidikan dan Kebudayaan

PPS/Jw/15/81

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK DEMIS

Oleh
NGABEI YASADIPURA I

Alih aksara dening:

KAMAJAYA

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta, 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1124

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

1. Sang Amir badhe kundur dhateng Mekah, wonten ing margi pancakara kaliyan danawa 15
2. Dewi Kuraisin tutulung prang 26
3. Sang Amir pinanggih danawa estri nyunggi trabela 31
4. Sang Amir pikantuk tumpakan kapal turunan peri kaliyan danawa 38
5. Prabu Umarmadi sambat kikirangan tedha 58
6. Sang Amir kepanggih kaliyan Prabu Umarmadi 67
7. Umarmadi pangling dhateng Wong Agung 77
8. Wong Agung pinanggih kaliyan ingkang garwa Dewi Muninggar 85
9. Prabu Nusirwan kaliyan Prabu Jobin kaplajeng 102
10. Prabu Nusirwan ngungsi dhateng ing Demis 107
11. Wong Agung nonjok serat panantang dhateng raja ing Demis 113
12. Para raja dipun damel dolanan dening Umarmaya 118
13. Wong Agung tuwin Umarmaya nylamur manggihi raja ing Demis 124

KATA PENDAHULUAN

Buku seri cerita Menak yang berjudul Menak Demis ini menceritakan perkelanaan Sang Agung Menak Jayengrana dalam perjalanan hendak kembali ke Mekah. Dalam perjalanan itu Sang Agung Menak hanya sendirian saja, tak ada seorang pun raja bawahannya yang ikut serta, semuanya tertinggalkan di kota Katijah yang sedang dikepung rapat oleh pasukan Raja Jobin dan Sang Raja Medayin, Prabu Nusirwan, yang keduanya selalu menginginkan tewasnya Sang Agung Menak Jayengdimurti.

Dalam perjalanan ke Mekah itu, jalan yang ditempuh sangatlah sukarnya, hingga Sang Agung Menak sangat terlunta-lunta dan menderita. Dalam penderitaan itu ia didatangi Nabi Kilir yang memberikan bantuan berupa makanan seperlunya dan Nabi memesankan bahwa Sang Menak ditakdirkan Tuhan untuk memusnahkan seluruh raksasa yang ada di dunia ini. Maka walaupun dengan banyak kesulitan dan penderitaan, Sang Agung Menak mulai dapat mengalahkan dan memusnahkan raksasa Raja Branjini dan Raja Bardini yang tinggal di gua angker.

Namun pada suatu waktu Sang Menak dapat diperdaya, sampai ia dimasukkan ke dalam kantong dari kulit unta dan digulingkan dari atas gunung. Akhirnya Sang Menak mendapat pertolongan dari burung garuda dengan anaknya dan terhindarlah ia dari malapetaka maut.

Kemudian Sang Menak berperang dengan raja raksasa bernama Samun dan Samaduna. Mereka berpura-pura mengaku prajurit dari Ngajrak, kerajaan jin yang telah ditaklukkan oleh Sang Menak. Raksasa diminta mengantarkannya ke tempat yang banyak raksasanya. Mula-mula mereka juga mau memperdayakan Sang Menak, namun tipu dayanya ketahuan, dan setelah tempat yang banyak raksasanya diketahui, raksasa tersebut kemudian dipotong hidung dan telinganya. Raksasa lari dan bersembunyi di hutan-hutan. Dalam usaha memusnahkan raksasa yang banyak itu, sang Agung Menak mendapat pertolongan dari Sang Dewi Kuraisin, putri Sang Ratna Dewi Ismayawati dengan Sang Agung

Menak sendiri. Jadi Dewi Kuraisin itu adalah putrinya sendiri dari putri jin Ngajrak, yang dahulu diperistri setelah Sang Menak menguasai kerajaan jin tersebut.

Bersama dengan putrinya, para raksasa diserang, diamuk hingga tumpas seluruhnya. Setelah itu Dewi Kuraisin dengan ucapan terima kasih, diperkenankan pulang kembali ke negeri Ngajrak.

Perjalanan diteruskan. Di tengah jalan Sang Menak berjumpa dengan raksasa perempuan yang memanggul peti mati. Dengan pertolongan Sang Menak peti dapat dibuka dan keluarlah seorang raksasa sangat besar yang katanya bernama Ranes. Raksasa ini pura-pura berhutang budi kepada Sang Menak dan sanggup membawa terbang Sang Menak ke Mekah. Akan tetapi setelah terbang tinggi, Sang Agung Menak mau dijatuhkan. Ditanya mengapa kebaikannya mau dibalas dengan kejahatan, Ranes menjawab bahwa itu sudah menjadi watak dan tabiat raksasa. Dan sekali lagi Sang Menak Jayengrana mendapat pertolongan dari malaikat yang menyelamatkan hidupnya.

Ranes turun dari udara dan menggoda peri yang sedang mandi di telaga, karena raksasa itu ingin memperistri salah satu peri tersebut. Datanglah Sang Menak yang akhir bahkan dapat menolong Ranes untuk membujuk peri yang dimaksud. Dari perkawinan raksasa dengan peri itu, lahirlah seekor kuda yang diberi nama Sekarduijan. Kuda itu sangat sakti dan sangat disayangi Sang Menak. Sekarduijan pun setia kepada gustinya. Dan ketika orang tuanya mau memperdaya Sang Menak, Sekarduijan tidak setuju, bahkan orang tuanya sampai terbunuh.

Perjalanan diteruskan dan kuda yang setia itu selalu mengikuti Sang Menak. Pengembaraan sampai di negara jin yang rajanya bernama Jin Hijau. Dari raja ini Sang Menak memperoleh berita bahwa seluruh wadya balanya sedang dikepung para prajurit Raja Jobin dan Raja Nusirwan. Mereka sangat menderita kekurangan makan, karena kepungan dari luar sangat rapat. Sang Menak juga berjumpa dengan dua orang Mekah, Ayub dan Balul, yang tadinya ditawan oleh Jin Hijau. Atas permintaan Sang Menak, kedua orang itu dilepaskan dan menjadilah mereka pengikut

setia bagi Sang Menak. Dari mereka itu Sang Agung Jayengrana memperoleh berita lebih terperinci mengenai wadya bala dan para rajanya yang sedang dikepung rapat.

Perjalanan mereka diteruskan dan memulai tempat tinggal ribuan raksasa. Pertempuran terjadi lagi dan dibantu dengan amukan Sekarduijan, semua raksasa yang ada di Gunung Jabalkap akhirnya dapat dimusnahkan.

Tibalah perjalanan mereka di kerajaan Sang Raja Sanggarsi. Mereka, Sang Menak, Ayub, Balul, dan Sekarduijan diterima dengan baik karena Sang Raja mengenal Sang Agung Menak. Bahkan bagi Sekarduijan dibuatkan pakaian kuda yang sangat bagus sekali. Pun para raksasa yang tinggal di dekat negara itu, dapat dimusnakan seluruhnya. Selesai dengan tugasnya, Sang Menak melanjutkan perjalanan dan bertemulah Sang Jayengrana dengan seorang pandita wanita yang memberikan petunjuk-petunjuk bagaimana dengan selamat sampai di tempat yang dituju, tetapi dengan syarat, Sang Menak dengan kawan-kawannya harus membungkus diri dengan kulit dan bulu burung.

Sementara itu para raja dan wadya bala Sang Menak, yang sedang dikepung rapat dalam kota Katijah, sangat menderita sangat kekurangan makanan. Raja Umarmadi ingin menerobos kepungan mencari makanan, namun ditolak oleh para raja yang lain. Karena laparnya, Umarmadi nekat dan pergi meninggalkan kota di waktu malam. Sampailah dia di Negara Karsinah yang sedang mengadakan sayembara. Raja Karsinah telah wafat, dan dalam mencari seorang raja baru, dilepaskanlah burung yang bernama Saomahi. Siapa yang dihinggapi burung itu, dialah yang dijadikan raja. Kebetulan burung Saomahi hinggap di kepala Umarmadi, dan beramai-ramai Umarmadi dinobatkan sebagai Raja karsinah. Namun permaisuri yang diberikan kepadanya, sehari setelah itu wafat, dan menurut adat setempat, sang suami harus ikut dikubur hidup-hidup. Tentu saja Umarmadi menolak, tetapi ia tertangkap dan dirantai. Untunglah datang Sang Agung Menak dalam pakaian bulu burung dan Umarmadi berhasil dibebaskan. Namun Sang Raja tidak mengenali Sang Menak, dan baru ketika bulu tutup muka dibuka, dia tahu siapa penolongnya

dan dengan segala terima kasih, ia mohon dimaafkan. Dan perjalanan ke Katijah dilanjutkan. Di dalam kota Katijah Sang Dewi Ratna Muninggar menghitung-hitung telah berapa lama suaminya, yaitu Sang Agung Menak, telah dalam perjalanan. Menurut ramalan Betaljemur, tepat delapan belas tahun Sang Menak akan kembali, dan hari itu tepat telah tiba waktunya. Sang Putri naik ke atas panggung untuk melihat barangkali Sang Menak telah datang. Dia diganggu burung kepodang dan dipanahlah burung itu tepat terkena matanya. Arya Umarmaya diminta mencari burung itu karena panah Sang Dewi terbawa. Dalam mencari itu Umarmaya berjumpa dengan tiga orang berbulu burung. Walau Umarmaya mula-mula menolak, akhirnya berhasillah mereka masuk kraton. Dan bertemulah kembali Sang Agung Menak dengan permaisurinya, Sang Dewi Ratna Muninggar, setelah berpisah selama delapan belas tahun. Dan setelah itu baru Umarmaya tahu, siapa orang yang terbungkus dalam bulu burung tadi.

Kini kedua belah pihak yang bermusuhan bersiap-siap untuk mengadakan peperangan terbuka. Wadya bala Raja Jobin sudah banyak yang tewas karena amukan Sekarduijan, ketika mereka mau menangkap Sang Menak dalam perjalanan masuk Katijah. Maka terjadilah peperangan hebat antara Sang Agung Menak dan prajurit Kaos dan Medayin. Sang Amir mengamuk dengan hebat dan kedua raja itu, Jobin dan Nusirwan, menjadi jera dan melarikan diri. Mereka bermaksud minta pertolongan bantuan dari raja di Negara Demis, yang bernama Prabu Humum. Raja yang tubuhnya besar tinggi dan gagah perkasa itu, akhirnya menyanggupi memberikan bantuan untuk menewaskan Sang Agung Jayengrana. Di pihak orang Arab, setelah Sang Menak mendengar bahwa Raja Jobin dan Raja Nusirwan mengungsi dan minta bantuan Raja Humum di Demis, segera mengirimkan surat tantangan. Yang disuruh membawa surat penantang ialah Arya Umarmaya. Ia baru saja mendapat hadiah dari Sang Menak berupa topong jelek, oleh-oleh dari Ngajrak. Tetapi bila dipakai, topong itu melimunkan yang memakai hingga tidak kelihatan. Dengan itu Umarmaya dapat mempermainkan Raja Demis sewaktu diutus membawa surat penantang.

Di dalam persiapan perang itu, Sang Menak mengajak Umarmaya menyelidiki dulu secara rahasia keadaan pihak musuh. Mereka menyamar sebagai pedagang dan berhasil masuk ke dalam istana Raja Demis pada waktu sedang mengadakan latihan kekuatan. Umarmaya pandai memuji dan membesarkan hati Sang Raja, hingga diminta tinggal di kota. Umarmaya menyanggupi, tetapi ingin mengambil budaknya dulu.

Hingga di sinilah yang diceritakan buku Menak Demis ini, belum sampai peperangan antara Sang Agung Menak Jayengrana dan wadya bala serta Raja Demis. Peperangan itu baru akan diceritakan dalam buku seri Menak yang berjudul Menak Kaos.

1. SANG AMIR BADHE KUNDUR DHATENG MEKAH WONTEN ING MARGI PANCAKARA KALIYAN DANAWA

Asmaradana

1. Saparanira lumaris,
marga sungil kang den ambah,
sira Sang Jayengpalugon,
jurang trebis kamarganan,
rejeng parang sesengkan,
siluk-siluk singub-singub,
saparan kalunta-lunta.

2. Rerep kalanipun latri,
asare pinggiring jurang,
miwah ngandhaping kakayon,
langkung dening kawlasarsa,
mangkana kang winarna,
Kangjeng Nabi Kilir rawuh,
sarwi bekta sekul ulam.

3. Cinangking ing asta kering,
lawan pindhange sakeda,
pan saguci kaluwane,
anyangking inuman kilang,
prapta sarya sung salam,
asalamungalaikum,
jinawab ngalaikum salam.

4. Lah putu dhahara dhingin,
wis dhahar nginuma kilang,
sayah temen putuningong,
tur sembah anulya dhahar,
tuwuk anginum kilang,
Jeng Nabi ngandika arum,
lah iki jijiret nyawa.

5. Sira tinitah Hyang Widhi,
anglebur sakeh reksasa,
sagunge kang diyu kabeh,
jijiret sapuluh dhepa,
kalamun ana guwa,
tinutupan watu agung,
nuli sira barengkala.

6. Turuten jijiret iki,
nadyan jroa satus dhepa,
kang jijiret mulur dhewe,
pan wus karsane Hyang Suksma,
sira ingkang tinitah,
ngrabaseng sakehing diyu,
ditya lebur dening sira.

7. Saben amanggih guwa di,
jijiret iku pajokna,
nadyan marganta maring jro,
nurut salebeting guwa,
anaa sewu dhepa,
ya semono uluripun,
uwis nyawa ingsun tilar.

8. Jeng Nabi datan kaeksi,
Wong Menak sigra lalampah,
katiwang-tiwang lampahe,
sukune ingkang aldaka,
wonten ingkang katingal,
saking ing wana kumelun,
nulya wau tinupiksa.

9. Minangka tutuping kori,
sela gung nulya dhinupak,
suku kering kang ginawe,
bobote yen jinunjunga,
rong atus kang manusa,

wus menga kori tinuju,
jijiret sigra rinambat.

10. Malebet Sang Jayengmurti,
prapta jawining gapura,
pan guwa iku kadhaton,
Branjini namaning ditya,
agung dedeg prakoswa,
kang tengga kori lumayu,
matur ing Branjini Raja.

11. Yen ana manusa prapti,
inggih manawi pun Ambyah,
tanpa rewang prapta dhewe,
Baranjini sigra medal,
sarwi anambut dhendha,
prapta jawining manguntur,
angrik Sang Branjini Raja.

12. Dhinendha Sang Jayengmurti,
Sang Branjini wus pinanah,
terus kang kena jajane,
tiba sarwi asasambat,
lah pindhonana ingwang,
aja tanggung dimen lampus,
Wong Agung asru susumbar.

13. Nora watak amindhoni,
sapisan bae palastra,
Branjini anangis anggro,
awake binanting sela,
wus pejah sigra Ambyah,
narik pedhang sigra ngamuk,
marang balane sadaya.

14. Tumpes saenggon raseksi,
maran balane Baranji sirna,
Wong Agung marambat age,

mrambat ing jijiret mentas,
lajeng denya lalampah,
anglandeng ningali kukus,
winaranan sampun prapta.

15. Binuka tutuping kori,
nulya jijiret rinambat,
Sang Jayengmurti prapteng jro,
buta ing kori lumajar,
matur ing ratunira,
Warjini namaning ratu,
punika wonten manusa.

16. Prapteng manguntur pribadi,
Raja Warjini wus medal,
angundha sela gung age,
binandhemaken Wong Menak,
ajur ko mangsa ripa,
adarbea nyawa sewu,
mangsa luputa deningwang.

17. Sang Jayengrana nyingkiri,
Warjini pinanah tatas,
terus jajanira anggro,
lah manusa pindhonana,
didimen nuli pejah,
Sang Jayengrana sru muwus,
sapisan bae ko pejah.

18. Awake sigra binanting,
ing sela nulya palastra,
Wong Agung narik pedhange,
angamuk ing balanira,
dadya wukir kapala,
mangrawa kang punang marus,
Sang Jayengmurti wus medal.

19. Lalampah Sang Jayengmurti,
manggih lepen sela pethak,
pan kadi madu raose,
asiram Sang Jayengrana,
rasa-rasa umentas,
nulya wau sigra ngrasuk,
busana kapraboning prang.

20. Lajeng anurut ing kali,
ngambah saeluking toya,
arsa wruh lepen sirahe,
nulya manggih bale panjang,
sinamir sami sutra,
pinalisir sotya murub,
endah rerengganing tilam.

21. Korine dipun ulati,
munggeng kilen linebatan,
ing jero ana butane,
sirah kakalih kang ditya,
tanganipun sakawan,
pun Dusar kakasihipun,
kagyat ningali Wong Menak.

22. Garjita sajroning ati,
iki baya aran Ambyah,
tan ana janma liyane,
kang ngambah gunung Jabalkap,
liya Sang Jayengrana,
pun Dusar angrangkul suku,
sarwi ngaras delamakan.

23. Ngandika Sang Jayengmurti,
heh buta sapa rannira,
tur sembah alon ature,
inggih kawula pun Dusar,
kang abdi rama tuwan,
ing Ngajerak Sang Aprabu,

marma waskitheng paduka.

24. Eca tyasira Sang Amir,-
sampun ingaturan lenggah,
binujana ing karesmen,
wus wuru alayap-layap,
dinarubesi ditya,
ngrebda Jayengmurti ngrubuh,
Wong Agung amegeng napas.

25. Dusar nulya den rebahi,
Wong Agung nulya kantaka,
agya salira rinante,
ing lenga wijen tinawa,
ngungun Sang Jayengrana,
cipta mesem ing tyasipun,
nora kayaa si Dusar.

26. Teka bisa karya sandi,
kadi bawane manusa,
saksana linamusake,
iya ing kuliting unta,
pinupuh Jayengrana,
nulya linebetken lamus,
binopong minggah ing arga.

27. Dipun galundhungken saking,
pucake ardi Jabalkap,
Mir Ambyah matia kono,
aneng jro kuliting unta,
Wong Agung ngglundhung mesat,
kasangsang tepining parung,
ana garudha mamangsa.

28. Babathang unta ingambil,
binekta pucaking gurda,
garudha iku susuhe,
sinungaken anakira,

sumuri-suri kang lar,
enya kulup olihingsun,
mangsanen bathanging unta.

29. Ingsun angupaya malih,
biyunge garudha kesah,
kantun anak neng susuhe,
sineset kuliting unta,
ing jro isi manusa,
garudha rare amuwus,
heh sira iki wong apa.

30. Teka aneng jroning kulit,
sumaur Sang Jayengrana,
Si Dusar ingkang menggawe,
ingsun iki Amir Ambyah,
ingkang anglebur ditya,
Mekah kawijilaningsun,
ngungun garudha taruna.

31. Babone anulya prapti,
tan antuk dennya mamangsa,
ponang anak warta age,
dhuh biyang bathanging unta,
iku isi manusa,
nak grudha atutur-tutur,
yen ulihe tan minangsa.

32. Biyung sira ngong kandhani,
iya ing wukir Jabalkap,
ana manusa marene,
sawiji anglebur ditya,
yaksa diyu sadaya,
Satri yambyah namanipun,
ingkang aneng jroning unta.

33. Lah iku wetokna aglis,
sigra cinucuk cinakar,

sampun tatas tataline,
Wong Agung Menak wus medal,
kadya mentas ngaluwat,
garudha lit lon amuwus,
kaya ngapa karsanira.

34. Wong Agung ngandika aris,
yen sira asih maring wang,
aterena ing enggone,
Si Dusar gagamaningwang,
isih ana ing kana,
garudha lit ngling mring ibu,
aterena nggoning Dusar.

35. Yen bisaa miber mami,
pasthine sun aterena,
ponang ibu lon ature,
aja sira walang driya,
ingsun kang ngaterena,
Wong Agung apamit sampun,
maring anake garudha.

36. Saksana sinambut aglis,
maring biyange garudha,
umesat gagana age,
prapta ing wismane Dusar,
ing bakda Mahrib wayah,
punang garudha amuwus,
lah uwis sira keria.

37. Jayengmurti anauri,
apa kang sun walesena,
garudha ngling wus takdire,
ingsun tulung marang sira,
sigra garudha mesat,
Wong Menak ingkang winuwus,
dalu sare ing mandera.

38. Enjing denira mundhuti,
angrasuk busananira,
sira Dusar ing siyange,
medal marang sor mandera,
ayun amundhutana,
gagamane Jayengpupuh,
Wong Agung neng ngandhap gurda.

39. Dusar ngungun aningali,
angrik sarwi ngundha sela,
binarengan pambandheme,
sinander jangga pinedhang,
pagas tibeng bantala,
sasampuning Dusar lampus,
panggonane ingenggonan.

40. Sineger kang sarira Mir,
ing nggon Dusar pitung dina,
sira Sang Jayengpalugon,
karaos nikmating toya,
lir madu pinasthika,
ri sampuning pitung dalu,
Wong Agung nulya lalampah.

41. Wonten kukus mancer keksi,
pinaranan dera Ambyah,
geni tinutup lawange,
watu agung kumalasa,
upami jinunjunga,
tan kangkat wong patang atus,
dhinupak sampun malesat.

42. Pinasang jijiret aglis,
mangandhap sampun ingambat,
prapteng manguntur lampahe,
kang tengga sampun lumajar,
matur ing ratunira,

binisikan ratunipun,
punika wonten manusa.

43. Kadi yen pun Jayengmurti,
mangsa wontena manusa,
sanese Jayengpalugon,
angambah gunung Jabalkap,
marma Ambyah kuwasa,
binakta jin lampahipun,
saking nagari Ngajerak.

44. Ratu Samun nulya mijil,
amethuk ing Jayengrana,
sigra angraup sukune,
wong agung asru ngandika,
lah sira buta apa,
inggih kawula pun Samun,
balane nateng Ngajerak.

45. Mesem anggraiteng galih,
buta iki ngamandaka,
Si Dusar dhingin mangkene,
angaku bala Ngajerak,
dumeh ingsun kang putra,
heh Samun yen sira tuhu,
balane nateng Ngajerak.

46. Payo tuduhena mami,
enggone danawa kathah,
sumangga ngong tuduhake,
sukune wukir kang wetan,
kapering ler nggenira,
kakalih nalendranipun,
satunggal wasta pun Sipat.

47. Punika warnine putih,
kadi pusuh pinidenan,
wondene kang satunggile,

ratu nama Samaduna,
nenggih ditya punika,
sirahipun kalih ewu,
kawan ewu astanira.

48. Lah payo tuduhna mami,
pan sampun kinanthi medal,
wau Sang Jayengpalugon,
tan andangu nulya medal,
sapraptanireng jaba,
dangu denira lumaku,
Wong Agung denya ngandika.

49. Dene suwe tan amanggih,
Samun alon aturira,
inggih ing ngriku enggene,
paduka amemeneka,
punika katingalan,
pirang wendran pirang uluk,
balanipun Samaduna.

50. Wong Agung nggraiteng galih,
arsa angapusi ingwang,
samangsa ingsun memenek,
dheweke nulya lumajar,
heh Samun marenea,
ingsun taleni gulumu,
anulya jangga kinencang.

51. Jiret saking Nabi Kilir,
apanjang lamun sinedya,
datanpa wangen ulure,
yen tinalekna ing setan,
ditya tan bisa luwar,
mangkana Sang Jayengpupuh,
wong agung wus mungkur sigra.

2. DEWI KURAISIN TUTULUNG PRANG

Pangkur

1. Wus menek Sang Jayengrana,
asta keri sarya nyekel tatali,
mancad pundhakipun sampun,
prapta nginggil mandera,
tiningalan estu lamun danawa gung,
dhedhet datanpa wilangan,
akedhik balane Jobin.

2. Anglangkungi kathahira,
yaksa ditya lir tedhuh ing wiyati,
Wong Agung sigra tumurun,
heh Samun nyata kathah,
lah muliha marang dhangka kadhatonmu,
anging irung kupingira,
iya sun irisi dhingin.

3. Samun kathah sambatira,
pan kawula sampun tuduh ing margi,
panggenan danawa diyu,
Jayengmurti ngandika,
angur endi sunpedhang lawan sunperung,
Samun nggero akaruna,
angrik sarwi asrah kuping.

4. Ciptane Samun mangkana,
yen matia tan wruh rasaning daging,
pan nora mangan lan nginum,
ina-ina uripa,
wus pinaras irung lawan kupingipun,
pun Samun abiyang-biyang,
pan sampun akesah tebih.

5. Tan wangsul kadhatonira,
ngalih enggon manawa den wangsuli,

wau ta Sang Jayengpupuh,
maranggen ditya kathah,
nulya petak lajeng nggenira angamuk,
gung diyu samya gegeran,
pangamuke nganan-ngering.

6. Kathah mumbul mring ngawiyat,
kang katrajang maledug nganan-ngering,
kasabet pedhang pan rampung,
bangke pating sulayah,
pan ing tengah dereng koningan ingamuk,
saking kehe kang raksasa,
piyak ngarsa tangkeb wuri.

7. Tan kewran pangamukira,
ditya yutan tan ana kiwul siji,
kadya angrampasi lumbu,
gelasah wangke yaksa,
anglir karang katrangan ing pasang surut,
rahing ditya wus mangrawa,
tan kendel denya ngamuki.

8. Sayaḥ esmu karepotan,
buta yaksa wus pirang-pirang kethi,
Jayengmurti muruh-muruh,
ngiler kang kawuwusa,
wadya patih ejin ingkang dherek sewu,
kang tinuduh ngimbangana,
ing lampahe Jayengmurti.

9. Pirang taun atut wuntat,
anging tebih among saking wiyati,
mangkana samya andulu,
lamun Sang Jayengrana,
prang lan ditya tanpa wilangan gungipun,
mesat mantuk mring Ngajerak,
punggawa matur tur bekti.

10. Sri Ngajerak siniwaka,
Kyana Patih lan Raden Sadatsatir,
lan ingkang wayah ing ngayun,
kang rama dereng linggar,
ing kundure kang putra Sang Jayengpupuh,
sira Sang Prabu Ngajerak,
pan kagyat praptaning ejin.

11. Ingkang prapta atur sembah,
tur tupiksa putra Sang Jayengmurti,
karepotan ing prang pupuh,
mengsah pun Samaduna,
lan pun Sipat surambek sawadyanipun,
pira-pira ingamukan,
mangrawa kang rah raseksi.

12. Tinon kadi tan kalonga,
Sri Bathara Ngajerak duk miyarsi,
kalangkung denira gugup,
Kuraisin duk miyarsa,
nembah marang Kang Eyang arsa atulung,
sampun angrasuk busana,
saka praboning ajurit.

13. Anitih turangga yaksa,
sirah ditya awakipun turanggi,
mesat gagana wus mamprung,
kang eyang angandika,
heh Sanasil Sadatsatir aywa kantun,
tumuta ing putunira,
Kuraisin mangun jurit.

14. Mesat dhateng ing awiyat,
para ratu angiring Sadatsatir,
Kuraisin kang tut pungkur,
putrining jin sadaya,
inggih sampun darbe prabawa Sang Ayu,

yen bala jin kang angayap,
tan tumama ing ganda mis.

15. Kang celak ing Gustinira,
jin sakethi kasawaban Sang Putri,
tan tumama bacin arus,
prabawane Sang Retna,
Kuraisin samana pan sampun rawuh,
ing prenahireng kang rama,
denira angamuk yaksi.

16. Tedhak saking ing gagana,
saha kudanira Dyah Kuraisin,
Wong Menak taksih angamuk,
umiyat ing gagana,
kuda tumrun anander ing ngarsanipun,
Wong Agung nyipteng wardaya,
iki kang mrawasa mami.

17. Ingkang angrabaseng baya,
prapteng siti Sang Retna Kuraisin,
tedhak saking kudanipun,
nungkemi ngaras pada,
kagyat mulat ngandika Sang Jayengpupuh,
lah ta sira iki sapa,
matur Dewi Kuraisin.

18. Kawula putra paduka,
ing Kutha mas ulun pun Kuraisin,
arsa tulung aprang pupuh,
amengsah diyu raja,
ingkang sirah inggih rama kalih ewu,
myang kawan ewu kang boja,
kakalih Sang Ditya Aji.

19. Nulya rinangkul kang putra,
adhuh putraningsun Ni Kuraisin,
kemayangan putraningsun,

ngong duwe putra sira,
dene estri dadi prajurit linuhung,
Ni Kuraisin tur sembah,
ngandhap Jeng Rama amuki.

20. Kawula prang ing gagana,
sun amuke kang aneng ing wiyati,
sigra mesat nuli mamprung,
lajeng angamuk mengsah,
ditya tumpes danawa kang aneng luhur,
udan rah saking awiyat,
sirna ingkang aneng nginggil.

21. Sorsah dening Bagendhambyah,
dadya miris dening mengsah kakalih,
danawa sisaning lampus,
maledug ngungsi wana,
tan atolih samya tilar ratunipun,
Maharaja Samaduna,
ing pura nyawane ngintip.

3. SANG AMIR PINANGGIH DANAWA ESTRI NYUNGGI TRABELA

Megatruh

1. Wus miyarsa Ditya Samaduna Prabu,
yen tumpes wadya raseksi,
punika pan ratunipun,
sakweh ditya manca warni,
sirah keh rupa buburon.

2. Ditya Raja Samaduna pan cinatur,
rong ewu sirah winarni,
astanipun kawan ewu,
saengga wukir Serandil,
gengipun sang ditya katong.

3. Makrura ngrik sarosa mangkrak gumludhug,
Sing Ditya Prabu umijil,
masinga nabda gumuruh,
krodha Sri Samaduna ngrik,
cangkem rong ewu samya nggro.

4. Sirah kalih ewu warni sato sewu,
kang sewu sirah mawarni,
astanira kawan ewu,
kalih ewu sanes jinis,
kalih ewu asta buron.

5. Sirah sewu makuthanya abra murub,
tinon kadi parwatagni,
abyor sunaring bra murub,
kasorotan raditya di,
ujwalanya abuburon.

6. Sang Dityaji Samaduna ngrik anguwuh,
byang-byangan kang wadya ejim,
tan ana kuwasa dulu,

kadya rebah kang wiyati,
katri umyung dera anggro.

7. Sru gumleger gurnita kang samodra gung,
goyang-goyang ingkang wukir,
katempuh makrura gumruh,
Retna Dewi Kuraisin,
marek ing rama mirantos.

8. ngGih punika rama Samaduna Prabu,
ditya ingkang manca warni,
punika pan ratunipun,
macan angudubilahi,
kodrat titahing Hyang Manon.

9. Jayengmurti mulat denya asru ngungun,
gung nebut ngudubilahi,
iya minasaetanu,
iki gegedheging bumi,
dene titah kang mengkono.

10. Tangan kalih ewu samya nambut watu,
ingudanken sarya angrik,
prayitna Sang Jayengpupuh,
lawan pangreksaning Widi,
udan watu tan kasenggol.

11. Retna Dewi Kuraisin mesat sampun,
sinamber saking wiyati,
ambabadi astanipun,
wong agung lumumpat aglis,
sumiyut prapteng gigithok.

12. Gya sinabet ing pedhang jangga keh rampung,
sirah kang awarni-warni,
akeh rantas kabarubuh,
malumpat angalih-ngalih,
Retna Kuraisin bruboh.

13. Pamedhange angrampasi astanipun,
amedhang sapisan olih,
iya tangane sapuluh,
rong puluh medhang ping kalih,
lir kakayon wukir esol.

14. Baya sampun tumeka ing ajalipun,
asta keh nora ngudhili,
murda keh datanpa kiwul,
dangu denira ajurit,
murda keh pating talethok.

15. Ratuning sirah sewu pinedhang rampung,
raratuning asta nenggih,
Ni Kuraisin kang ngrampung,
pejah Sri Samaduna ji,
gumebrug lir wukir esol.

16. Jayengmurti langkung sukuring Hyang Agung,
sira Retna Kuraisin,
mring rama kinen umantuk,
marang Ngajerak nagari,
sun wis tega anakingong.

17. Atinggala Kuthaemas jenengingsun,
dene sira wus prajurit,
wus dadi kanthi eyangmu,
iya ta baya kasait,
ngreksa Ngajerak kadhaton.

18. Ingkang putra anembah umesat sampun,
miwah Raden Sadatsatir,
patih Sanhasil wotsantun,
lah iya padha den becik,
rumeksa ing putraningong.

19. Sampun lepas Kuraisin lampahipun,
warnanen Sang Jayengmurti,

lumampah saparanipun,
wonten danawa satunggil,
lalampah sarwi galolo.

20. Apan sarwi anyunggi tabela agung,
sasambatira ndrawili,
iya kapan baya rawuh,
satriya Ambyah ing wukir,
selak sayah temen ingong.

21. Jayengrana denira ing wuri dangu,
nanging buta tan udani,
kapiyarsa solahipun,
cineluk saking ing wuri,
Jayengrana atatakon.

22. Heh danawa apa sira ucap mau,
danawa kagyat anolih,
sarya lon denira matur,
tabela kang ulun sunggi,
kawula danawa wadon.

23. Kenging papa inggih ing jaman rumuhun,
Suleman ratuning bumi,
ulun pan kenging ing bendu,
tataning buta sumiwi,
apa sowan lanang wadon.

24. Inggih ulun apinuju wawrat sepuh,
amba garwaning bupati,
pan dadya kang punggawa gung,
ulun abebeleh uni,
siwaka Nabi kinaot.

25. Apan ulun bebelehan medal jalu,
nuli linebetken pethi,
sinunggekken lawan ulun,
angandika Kangjeng Nabi,
pethi aywa bisa copot.

26. Iya saking susunggenira ta besuk,
yen ana manusa benjing,
aran Menak Jayengpupuh,
saking ing Mekah nagari,
lah ta iku kang amocot.

27. Ya ta mesem awelas Sang Jayengpupuh,
ngandika lah iya endi,
gawanen mring ngarsaningsun,
tabela entheng tininggil,
ditya nembah mari abot.

28. Iya ingsun nora kaduga akalmu,
bok iya akon ngungkabi,
ing ditya pawong sanakmu,
raseksa umatur aris,
gih sampun kawula akon.

29. Nanging inggih boten wonten ingkang purun,
ajrih wasiyating Nabi,
mangkana binuka sampun,
tabela ing Jayengmurti,
metu diyu gung kinaot.

30. Buta mengkul ing suku sarya umatur,
dhuh Wong Agung Jayengmurti,
agung temen utang ulun,
nguni wasiyating Nabi,
Punang-ranes namaningong.

31. ngGih manawi wonten karsanta pukulun,
kawularsa males becik,
ngandika Sang Jayengpupuh,
iya aterena mami,
mulih ing Mekah kadhaton.

32. Sampun menggah dhateng ing Mekah pukulun,
dhatenga tembinging langit,
angraos dereng kasaur,

saking genge utang mami,
tan jajag ing samodra rob.

33. Salamine amba medal saking biyung,
dereng wruh ing bumi langit,
paduka kang karya weruh,
karya plong awan wus dadi,
Wong Agung kang karya weroh.

34. Gya sinunggi Wong Agung mesat mandhuwur,
Wong Menak kukuh nyekeli,
keraket panyekelipun,
Ranes alon denira ngling,
bumi punapa sih katon.

35. Mung saomah andikanira Wong Agung,
Ranes asru denira ngling,
dhuh Gusti kurang aluhur,
katingal pinten kang bumi,
Sirambyah sumaur alon.

36. Iya kari salawa kumurep mingkup,
Ranes asru denira ngling,
heh Wong Menak sira lampus,
iya suntibakken bumi,
apa angur samodra rob.

37. Ngandika lon pa gene sira tan tuhu,
dene sira sunbeciki,
endi ta ing wawalesmu,
teka karya papa mami,
mamales karya kang awon.

38. Ranes angling wus wantune punang diyu,
binecikan angalani,
tan arsa males rahayu,
nora kena den owahi,
becik timbangipun awon.

39. Dadya silih ambecikana ping sewu,
nora wande angalani,
mangkana Sang Jayengpupuh,
tinibakken ing jaladri,
sinamber ing peksi bidho.

4. SANG AMIR PIKANTUK TUMPAKAN KAPAL TURUNAN PERI KALIYAN DANAWA

Dhandhanggula.

1. Ranes angling Ambyah sira mati,
tibeng laut pan mangsa uripa,
iba ta iku luhure,
merem Sang Jayengpupuh,
datan mantra anyipta urip,
mangkana parmaning Hyang,
malaekat rawuh,
anyangga ing tibanira,
sinelehken ing siti resik alirih,
waluya tan sangsaya.

2. Datan ana karaosing sakit,
gya binuka wau netranira,
sukur ing Hyang pitulunge,
mangkana wus lalaku,
ya ta Ranes ingkang winarni,
mudhun saking ngawiyat,
nenggih ta pinuju,
iya ing tlaga Madirda,
apan iku padusan sakehing peri,
Ranes ika tumingal.

3. Ingkang adus nuli den ampiri,
pan cinolong sinjange satunggal,
talumpah lan rasukane,
anuju darbekipun,
peri ingkang ayu pribadi,
pun Ranes asabawa,
peri bubar matur,
ningali ana danawa,
peri siji amentas nedya asalin,
nututi rewangira.

4. Sinjang talumpah tan na kapanggih,
dadya angum ing toya kewala,
Ranes amarani age,
wuwuse anglilipur,
sadangune angarih-arih,
wau ta praptanira,
Menak Jayengpupuh,
mulat ing Ranes ngrerepa,
marang peri tansah wau denririntih,
winedalan sing wuntat.

5. Narik pedhang ya Ranes ngko mati,
kagyat nolih kalamun Wong Menak,
sigra angrangkul sukune,
akathah aturipun,
sampun amba Gusti pateni,
kalamun padukarsa,
tutunggangan besuk,
turangga kang punjul ing rat,
nenggih wonten wirayate Kangjeng Nabi,
Suleman ing kawula.

6. Duk pinanjing ing tabela mami,
andikanira Jeng Nabi Sleman,
si Ranes iku ing tembe,
wetune saking kurung,
iya nulya arabi peri,
patutan metu kuda,
tur kuda pinunjul,
dadya tunggangane Ambyah,
Sekardwijan namane ingkang turanggi,
punika tur kawula.

7. Luhung tuwan ipuka pun peri,
didimene purun amba semah,
Wong Agung alon de linge,
iya Ranes den tuhu,
dentindaki mring Jayengmurti,

lah peri lakonana,
wus takdir Hyang Agung,
sira laki lawan diyu,
iya saking wasiyate Kangjeng Nabi,
tan kena lengganaa.

8. Lah ta Ranes wehena tumuli,
sinjangira didimene mentas,
apan wus lilih atine,
saking pangririhingsun,
iya nurut sakarsa mami,
wus sinungaken sigra,
mentas saking ranu,
pinanggihaken kalayan,
ditya Ranes wus dhaup lan putri peri,
Wong Agung alalampah.

9. Kalih danawa katiga peri,
sira Ranes ing samarga-marga,
pasihan lawan rabine,
lajeng ing wawratipun,
pan Wong Agung maksih lumaris,
prapteng antaranira,
babar wiyosipun,
turangga jalur tur pelag,
netranipun titiga ingkang sasiki,
munggeng tengahing jaja.

10. Netra kadya netraning raseksi,
rambutipun angumbala gimbal,
ngebat-ebati warnane,
kalangkung sukanipun,
estu lamun wirayat Nabi,
anggung ingusap-usap,
marang Jayengpupuh,
lajeng binekta lalampah,
dadya kapat kalawan kang kuda alit,

wus gancang lampahira.

11. Densusoni ing samargi-margi,
ya ta sayah wau lampahira,
Wong Agung kendel asare,
ngandhaping mandera gung,
Ranes ngadhep denira guling,
lawan peri garwanya,
kuda lit anusu,
Ranes miyat ing Wong Menak,
lagya nendra ngucap ing garwane peri,
heh sira apa lila.

12. Anakira tinunggangan Amir,
apan ingsun iya nora lila,
peri lon wacanane,
pa gene ta wong kakung,
angoncati wasiyat Nabi,
pan saking aturira,
iya Jayengsatru,
heh sanadyan mengkonoa,
ujaringsun pan nora lila ing batin,
kagyat Sekarduwijaṅ.

13. Myarsa bapa balela ing wangsit,
mring kang ibu mocot susunira,
sigra nguleng mring ramane,
tinujah dipun dhakur,
peri miber Raṅes ngemasi,
maludag polonira,
Jayengmurti wungu,
ngungun mirsa Ranes pejah,
peri ilang belo gugubras ing getih,
suku myang cangkemira.

14. Dadya ngandika Sang Jayengmurti,
heh ta Sekarduwijan kayapa,
iku patine Si Ranes,

brangingeh nulya matur,
dhuh pukulun matur ing Gusti,
yaktinipun pun bapa,
sanget mungkiripun,
wasiyat Nabi Suleman,
ngandika lon prana dosane Si Ranis,
kaya lamun matia.

15. Dyan lalampah mung kalih turanggi,
Sekardwijan kasandhung ing sela,
copot sasisih tracake,
angrompong lampahipun,
duk tinolih ing Jayengmurti,
suku gobrah ludira,
winangsulan sampun,
tiningalan sukunira,
taracake nenggih kang pocot sasisih,
kang tengen suku ngarsa.

16. Langkung ngungun sarwi dentenggani,
Nabi Kilir wau ingkang prapta,
Wong Menak ngabekti age,
Nabi ngandika arum,
ingsun iki arsa nyalini,
tracake kudanira,
sigra denya mundhut,
waja saking kandhinira,
taracake wus cineplok purasani,
Wong Menak aturira.

17. Lamun pareng ing karsa Jeng Nabi,
tuwan salini sakawan pisan,
dipun sami waja kabeh,
Nabi Kilir lingnya rum,
siji bae aja kuwatir,
mangsa dadak pocota,
iya kang tetelu,

besuk bareng ajalira,
ya ta kendel Wong Menak wus kinen bukti,
mring Nabi Kilir nulya.

18. Asung salam linggar Kangjeng Nabi,
dyan Wong Agung sigra alalampah,
Sikarduwijan wurine,
ing pereng-pereng dulu,
ya ta manggih margi kikisik,
satengahira wana,
punika tinurut,
rerep ing dalu sakenggyan,
ngandhap gurda ing siyang lumakya malih,
nulya amanggih praja.

19. Pun Jin Ijo kang darbe nagari,
apanuju siniweng ing bala,
Wong Agung ika praptane,
panangkilan jinujug,
kagyat mulat ratuning ejin,
iki ana manusa,
mangsa dudu iku,
Satriyambyah saking Mekah,
pan wus lami aneng Ngajerak nagari,
Jim Ijo sigra mapag.

20. Nrangkul suku sigra angurmati,
ngaturan lenggah patarana retna,
dhampar denta tinaretes,
pun Jin Ijo lumungsur,
mungging ngandhap ngarsanira Mir,
dipun eca pinarak,
paduka Wong Agung,
ing ngriki apan kabala,
inggih dhateng ramanta Ngajrak Sang Aji,
pun Jin Ijo kawula.

21. Pun Jin Kuning inggih kanca mami,

Ejin Biru Ireng lawan Abang,
samya nagri dhewe-dhewe,
wong agung linging kalbu,
pantes kaya milyeng Rama Ji,
jin iki meh manusa,
solah bawanipun,
sinugata binujana,
pan kasukan anutug warnanen ratri,
sampun ngaturan nendra.

22. Ing kadhaton bale kancanadi,
tiritis mirah retna pakaja,
nawa retna palisire,
asamir sutra susun,
babut lemek ing prangwedani,
ing jawi kang rumeksa,
ing jin pirang ewu,
asare Wong Agung Menak,
kang cinipta paranta ing polah mami,
prapta ing nagri Mekah.

23. Tanpa sare agung angulisik,
nulya myarsa ana wong karuna,
ing jero gedhong prenahe,
tedhak Sang Jayengpupuh,
amariksa ingkang anangis,
binuka kuncinira,
meneng denya muwun,
Wong Agung alon ngandika,
sira iki wong apa padha anangis,
kalih alon turira.

24. Pan kawula inggih tiyang grami,
ing lautan palwa amba remak,
kadya kapipir parange,
pun Jin Ijo anuju,
ameng-ameng munggwing udadi,

kawula dipun sarah,
nenggih purwanipun,
kawula titiyang Mekah,
pan kumepyur tyasira Sang Jayengmurti,
ngungsed denya tatanya.

25. Sira Mekah apa ta nagari,
apa desa lan sapa rannira,
sigra matur sakalihe,
tiyang nagari ulun,
inggih pun Ayub kawula ugi,
pun Balul kanca amba,
ngandika Wong Agung,
paranta Ki Umarmaya,
apa dene Kusuma yu Muninggarim,
Ayub Balul aturnya.

26. Sakesahe Gusti Jayengmurti,
ing Ngajerak mengsah nuli prapta,
kadi saben pangepange,
wong Kaos wong Medayun,
dadya samya kirangan bukti,
alolos saking Mekah,
mring Nastan jinujug,
kesah saking nagri Nastan,
mring Nglabani apan tansah tinutwuri,
kinepung dening mengsah.

27. Nanging sagung ang para prajurit,
para ratu dereng wonten ginggang,
samya tuhu ing Gustine,
anenggih lolosipun,
saking Ngalabani Sang Aji,
marang Magribi samya,
pan angawan taun,
mangke wonten ing Katijah,
sanggen-enggen tan gothang nggenya merangi,

Jobin miwah Nusirwan.

28. Neng Katijah nunten den serati,
mring Betaljemur kinen tetepa,
ing ngriku benjing panggihe,
lan Gusti Jayengpupuh,
Betaljemur inggih kang mangsit,
ngandika Jayengrana,
sireku pa pandung,
iya ingsun Menak Ambyah,
sigra Ayub Balul sareng angabekti,
kalih lara karuna.

29. Wus menenga aja sira nangis,
iya besuk ingsun njaluk sira,
marang Sang Ratu ing kene,
sigra kinunci sampun,
wangsul marang enggone guling,
sira Sang Kakungingrat,
tan kawarna dalu,
ing enjingipun sineba,
Jayengmurti dhateng ratuning Jin Wilis,
Bagendhambyah ngandika.

30. Lah Jin Ijo sun jaluk Sang Aji,
lamun dadi sukane tinira,
pun Jin Ijo tur sembahe,
punapa kang pinundhut,
inggih sarwi wonten ing ngriki,
iya ana kang janma,
loro ing kadhatun,
pan olihira anyarah,
pun Jin Ijo umatur sumangga Gusti,
sampun kinen ambuka

31. Ayub Balul wus binuka mijil,
atur sembah ngaran delamakan,
Sang Jayengrana delinge,

heh iki ta wongingsun,
keparengan sira rimati,
ingong liwat tarima,
Jin Ijo anuhun,
heh Ayub Balul kaya pa,
ing gelise praptaa Mekah nagari,
kalih samya tur sembah.

32. Kajawi saking baita Gusti,
kawula wignya anglampahena,
ngendi ana paraune,
sigra Jin Ijo matur,
pan ing ngriki akathah kondhing,
Ayub wus kinen sigra,
amilih perau,
katur wus angsal prayoga,
nulya pamit angater pun Ejin Wilis,
duk anumpak ing palwa.

33. Wong titiga kapat kang turanggi,
kumudhi Ayub kang aneng wuntat,
Balul kang munggeng ngarsane,
pinukul angin memprung,
palwa nengah kapethuk nenggih,
pepeteng saking ngarsa,
angling Jayengsatru,
Ayub iki ana paran,
kalih matur duk amba kerem ing nguni,
makaten kang sengkala.

34. Miyos minggah Sang Wiradimurti,
heh ta Ayub nora weruh sira,
iya palwanira kiye,
wus lunga teka banyu,
pan cinucuk ing Ganggapati,
sigra mantheng gandhewa,
dibya Jayengpupuh,

garudha jajanya kena,
pan kalaran andedel marang wiyati,
tan dangu nulya niba.

35. Ing dharatan pan wus sumyur sebit,
kang anitih sadaya waluya,
Ayub apa ta jaringong,
iku ratuning manuk
garudha geng ingkang ngemasi,
lah polakena ingwang,
garudha ndhasipun,
pinola sampun kacithak,
marmanipun wonten gambar **grudha peksi,**
purwa saking punika.

36. Angandika aris Jayengmurti,
kaya paran Ayub tingkahira,
lah payo selot-selote,
sapakolehe suku,
Ayub Balul umatur aris,
inggih mangsa kantuna,
kawula pukulun,
sapurug-purug paduka,
sigra samya lalampah kapat turanggi,
tebih kalunta-lunta.

37. Ciptanira Menak Jayengmurti,
kaya age wruha ing nagara,
mangkana wau lampahe,
kacatur margeng diyu,
ewon nuju sami kakaring,
ditya asirah singa,
kagyat sira ndulu,
yen ana manusa prapta,
ngrik anguwuh Ayub Balul matur aglis,
Gusti wonten drubiksa.

38. Angandika Menak Jayengmurti,

Ayub Balul padha angiwaa,
lan kuda gawanen age,
sigra Wong Agung ngamuk,
ditya kathah dipun pedhangi,
maledug asasaran,
kang malya ing pungkur,
pinegat Sekarduwijan,
tinujah lan binrakot kathah ngemasi,
Ayub Balul agila.

39. Samya memenek nginggil waringin,
hebat mulat polah kang mangkana,
sabubare danawa keh,
Wong Menak sigra wangsul,
akeh bangke yaksa ing wuri,
heh Ayub apa sira,
kalawan si Balul,
akeh kang danawa pejah,
Ayub matur pun Sekarduwi mejahi,
amba wonten ing wreksa.

40. Kathah ditya sami dentujahi,
amba miyat saking nginggil wreksa,
Sekarduwijan solahe,
ngungun Sang Jayengpupuh,
sigra samya lalampah malih,
manggih kadhaton ditya,
sirah liman agung,
ingamukan tumpes brastha,
manggih malih danawa asirah sapi,
ingamuk tapis rampas.

41. Nulya sirah warak kang kapanggih,
sarywa sirah bantheng buta sirna,
danawa kang sirah celeng,
kang sirah asu gempur,
endhas wregul wus denamuki,

ana sirah menjangan,
blegedaba senuk,
endhas tengu manthang-manthang,
endhas mreki miwah isining jaladri,
dadi warnaning buta.

42. Sirah sarpa miwah welut mimi,
bulus kura eman tan klebua,
dimene wuwuh obrole,
denira prang Wong Agung,
marang ditya kang manca warni,
keh rupa kaelokan,
brastha dipun amuk,
kendel yen latri Wong Menak,
yen rahina lalampah samargi-margi,
aprang lawan raseksa.

43. Sirna sagung wil reksasa tapis,
datan ana amangga puliha,
samya suh rempu kabehe,
mangkana ta winuwus,
tebih saking sukuning ardi,
Jabalkap kalintangan,
kawuntat kang suku,
ana prajaning manusa,
langkung kiwa tan kontap ing kanan kering,
sami-samining praja.

44. Aprasasat nagarining ejin,
nora nana wong liya nagara,
kang agrami wong liyane,
mung jin tatangganipun,
alasipun isi raseksi,
Sang garsi prajanira,
sakti ratunipun,
papatihipun prawira,
Kupinggajah Pilhos namaning papatih,
weweka mandraguna.

45. Duk tumingal yen ana wong prapti,
pan titiga kapat kang turangga,
Kya Patih Pilhos ature,
Gusti wonten tatamu,
badhe marek ing paḍuka Ji,
kendel pan lagya sayah,
jawi gapura gung,
kadi sinten winatara,
dene waged uninga margi mariki,
Prabu Sang Garsi mojar.

46. Baya Sang Klana Jayadimurti,
iku mantune Prabu Ngajerak,
apan wus lawas wartine,
ngubek isining gunung,
ing Jabalkap pan sampun radin,
lebur sagung raksasa,
kang warna rong ewu,
lah payo patih pinapag,
dyan katingal Wong Agung Wiradimurti,
nateng Sanggar anembah.

47. Binekta mring panangkilan nuli,
ingaturan lenggah singangsana,
nawa retna taritipe,
wus pinarak Wong Agung,
langkung urmat nateng Sanggarsi,
mulat ing kudanira,
Menak Jayengpupuh,
umatur mila kudanta,
inggih dene dereng amawi kakambil,
ngandika Jayengrana.

48. Iya durung ana kang marengi,
rajeng Sanggarsi lon aturira,
yen ngantos Gusti lamine,
nenggih ing pitung dalu,

amba Gusti darbe papatih,
awignya karya kapa,
pun Pilhos pukulun,
myang saputrantine pisan,
pan asaged damel pakartining ejin,
langkung saking manusa.

49. Mesem ngandika Sang Jayengmurti,
iya payo yen ana sihira,
ingsun anti salawase,
heh ta Pilhos den gupuh,
akaryaa sira kakambil,
kudane Gustinira,
karyanen diluhung,
angambila mas lan retna,
ing kadhaton her laut lan her geni,
her bumi lan her kembang.

50. Sigra patih akarya kakambil,
ing jro pura Wong Agung ngandika,
Sanggarsi nagrimu kene,
kalamun ana diyu,
pun Sanggarsi umatur aris,
nenggih wonten punika,
danawa garuwung,
kupingipun peperungan,
asring damel susahipun kang nagari,
yen dalu ambabahak.

51. Anak amba kang kenging sasiki,
kongsi mangke kabekta jro guwa,
kathah wanodya angsale,
mesem Sang Jayengpupuh,
matur nembah nateng Sanggarsi,
mila Gusti ngujiwat,
duk kawula matur,
ingkang dadi guyuningwang,

ingsun dhingin amerung buta sawiji,
si Samun gung birawa.

52. Lan irunge ya sungaruwungi,
Sanggarsi matur inggih punika,
buta pun Samun wastane,
payo aweha tuduh,
mring guwane Samun den aglis,
Sanggarsi dyan utusan,
milweng Jayengpupuh,
maring wana sigra prapta,
guwa watu tinutup boten kuwawi
wong kalih atus ngangkat.

53. Gya dhinupak malesat atebih,
watu agung kumalasa mlesat,
pinaju jijiret age,
rinambatan prapta wus,
ing manguntur Samun gya mungging,
gapura kalangenan,
miyat Jayengpupuh,
lumajeng jro puranira,
tinututan tan ana genira ngungsi,
agya pinanah kena.

54. Jaja atrus sampun nibeng siti,
asasambat pindhonen ta ingwang,
aywa ta nanggung patine,
ngandika Jayengpupuh,
ingsun aprang nglebur raseksi,
Ditya Gunung Jabalkap,
atumpes deningsun,
durung amindhoni manah,
sampun niba endhase binanting-banting,
ing sela wus palastra.

55. Balanira pitung ewu yaksi,
geger samya bubar ingamukan,

kang nggempur wus kathah dene,
kuwat pangamukipun,
kawarnaa nateng Sanggarsi,
sumusul saha bala,
barisipun agung,
milya ngrabaseng danawa,
sedyanipun rumeksa ing Jayengmurti,
Wong Agung sampun medal.

56. Wus binekta anakira estri,
Raja Samun tumpes saha bala,
putra pan pinaringake,
marang Sanggarsi sampun,
langkung suka mulating siwi,
dahat ingela-ela,
ing Sang Jayengpupuh,
lamun ta paduka arsa,
mipil dasih sumangga karsaning Gusti,
Jayengrana ngandika.

57. Heh Sanggarsi wus tarima mami,
nora duwe cipta kang mangkana,
ingong tulung satuhune,
saksana sareng mundur,
prapteng pura sami mirsani,
Pilhos karya kakapa,
langkung endahipun,
kakapa dyan tinupiksa,
patik retna pakaja nila widuri,
sasaputranti pisan.

58. Hebat mulat sira Jayengmurti,
tinatrapken ing Sekarduwijan,
wuwuh hebat ing warnane,
tinon kadya andaru,
sarawungan lan netra kalih,
turangga lir raseksa,

ngumbala kang rambut,
buntut robyong sabobongan,
ules biru mawi tutul-tutul wilis,
agung muka lir ditya.

59. Nulya pamit sira Jayengmurti,
nedya kundur marang nagri Mekah,
nateng Sanggarsi ature
boten saged pukulun,
apan angel inggih kang margi,
tan kenging ginagampang,
yen tan lawan tuduh,
akathah ingkang pangkalan,
sapangkale apanjang pinajar Gusti,
acendhak yen cinendhak.

60. Yen kinarya doh langkung atebih,
yen kinarya celak inggih celak,
nanging ta samudanane,
inggih gampang pukulun,
sing pandhita Asbasapastri,
pan kinarya ibunta,
Jeng Kilir Nabinung,
punika ta pin tanana,
lamun sagah Gusti dhatengake ugi,
anut karseng Basapa.

61. Pan punika pandhitestri sidik,
datan samar karsaning manusa,
suwawi sun terake,
sigra lumampah sampun,
prapteng Mekah tata alinggih,
suweng marang ing Kakbah,
angabekti Mahlul,
Sanggarsi kinen mantuka,
sigra nembah mantuk ing prajanira glis,
wuwusen Asbasapa.

62. Dhateng saking Kakbah aningali,
heh sireng Byah babo atmajengwang,
apa ta ana karsane,
matur Sang Jayengpupuh,
inggih amba ayun ngabekti,
lawan nuwun pitedah,
mring Mekah pukulun,
marginipun kang sampurna,
kang lestari sawiji-wiji kang tebih,
sakathahing rencana.

63. Pandhitestri mesem ngandika ris,
langkung angker luwih saking gawat,
dudu cepethe-cepethe,
yen durung eklas kulup,
nora prapta mundhak bilai,
yen tan tokit makripat,
sanadyan wus putus,
yen tan angrabaseng cipta,
nir wikara tan antuk marga sayekti,
tuwas kasurang-surang.

64. Legaweng pati niraken wingit,
suteng ulun lan sarta nugraha,
ingsun tutur-tutur angger,
let bumi kang pipitu,
kang rumiyin sagara getih,
sagara banyu tawa,
kaping kalihipun,
kaping tri asin sagara,
kaping papat iku ta sagara geni,
nenggih kang kaping lima.

65. Pan sagara kukus langkung wingit,
samodra susu kaping nemira,
iya liwat pakewuhe,
wedhi kang kaping pitu,
lah ing ngendi kang agampil,

samodra kang dahana,
yen kinarya langkung,
kaya paran waluyaa,
sabab kalih Ayub Balul myarsa warti,
tansah ngucap Sri Nata.

5. PRABU UMARMADI SAMBAT KIKIRANGAN TEDHA

Sinom

1. Lingira Sang Asbasapa,
sira ngulatana aglis,
marang keboningsun nyawa,
ing sabandaraning paksi,
angger yen uwis olih,
sesetana kulitipun,
dimen wutuh wulunya,
aja na regel den becik,
dimen kena dadi ing rasukanira.

2. Den barukut sapangandhap,
miwah sirah aywa kari,
karia netra kewala,
kabeh rowangnya lumaris,
aywa katon sathithik,
denya ngangge denbarukut,
kulit wulu sabandar,
sigra wau Jayengmurti,
marang kebon manah kang peksi sabandar.

3. Sampun antuk kawan welas,
sadaya wus den seseti,
sampun rinasuk ing badan,
Wong Agung awulu peksi,
miwah sabat kakalih,
Ayub Balul wus barukut,
wulu manuk angganya,
sapangandhap sapanginggil,
amung kari prenah netra binolongan.

4. Miwah pun Sekarduwijan,
binarungkus wulu sami,
wulune peksi sabandar,
wus samya asalin warni,

wong agung lan turanggi,
sadaya wus sipat manuk,
marek ing Asbasapa,
Sang Pandhitestri lingnya ris,
iku nyawa wus lega ati manira.

5. Payo nuli padha mangkat,
wewekas ngong kari siji,
den awening tekadira,
iya marang Ing Hyang Widi,
yen sira walang ati,
sayekti datan rahayu,
den padha ening ing tyas,
iya sajroning lumaris,
datan ana waler sangker kira-kira.

6. Heh nyawa wong duwe sedya,
den anrus tumekeng ati,
aja ngandelaken wrana,
temah pindho papa ugi,
sigra kang Pandhitestri,
mangkat samya tinut pungkur,
Wong Agung wurinira,
Ayub Balul wuri malih,
ngiring Gusti pan sarwi nuntun turangga.

7. Ngambah samodra pawaka,
tan karasa amanasi,
myang kukuse kang sagara,
apan nora anglimputi,
lastari kaping kalih,
kaping tri samodra susu,
tan rubed denya ngambah,
miwah sagung kang jaladri,
pan sadaya tan ana **pekewuhira.**

8. Luwar sagung pancabaya,
Wong Agung genya lumaris,

prabawane Asbasapa,
sarta pangreksaning Widi,
tan ana walang ati,
wus metu saking pakewuh,
wau Sang Kakungingrat,
ciptane kadya wong ngimpi,
wus mangkana Pandhitestri kawarnaa.

9. Ni Asbasapa palastra,
Wong Agung langkung prihatin,
heh Ayub Balul ta sira,
paran budinira sami,
Ayub Balul wotsari,
luhung suwawi pukulun,
layone binresihan,
nulya swara kapiyarsi,
heh Wong Agung aja sira walang driya.

10. Ing layone Asbasapa,
ungkurna sakedhap sami,
lawan ngeremena netra,
duk miyarsa Jayengmurti,
ngandika payo aglis,
Ayub Balul padha mungkur,
sarta merem sakedhap,
tan antara melek malih,
layonipun Asbasapa sampun musna.

11. Ngungun sukur ing Hyang Suksma,
wau ta Sang Jayengmurti,
lajeng pra sami lumampah,
wong tiga kapat turanggi,
wus manjing ing wanadri,
manjing mijil ing wana gung,
asru ing lampahira,
mung leren rerep ing wengi,
pan wus lami gantya ingkang kawuwusa.

12. Kang aneng nagri Katijah,
sabalane Jayengmurti,
sagung ingkang para raja,
miwah satriya bupati,
kang samya anenggani,
mring garwane Gustinipun,
nenggih Retna Muninggar,
putri adi ing Medayin,
pan apajeg barise kang para raja.

13. Datan kena rinaroda,
mring kang rama Sri Bupati,
lan ratu Kaos nagara,
saenggon-enggone jurit,
tansah arebut jodhi,
tan kongkih dadya kinepung,
akeh ratu prakuswa.
balane Sang Jayengmurti,
milanipun tan kena rinebut ing prang.

14. Nanging samya kikirangan,
tedha kinepung alami,
mring kang rama Sri Nusirwan,
kalawan Sang Raja Jobin,
pinepetan ing margi,
sabalane Jayengsatru,
ing jro kitha Katijah,
samya rineksa ing Gusti,
samya aprang sajrone kitha kewala.

15. Samya bubuwan pajagan,
sagung kang para narpati,
mangku panggung sowang-sowang,
samya karya baluwarti,
barduwak gandhawari,
sagung ingkang para ratu,
wau kang kawarnaa,
Sri Narendra Umarmadi,

mring pondhoke Wong Agung ing Parangteja.

16. Ingajak ing pondhokira,
Rahaden ing Pulangwesi,
prapta kagyat Umarmaya,
wus samya tata alinggih,
tan dangu prapta malih,
sira Sang Prabu Lamdahur,
angling Sri Umarmadya,
heh ta kakang Pulangwesi,
ingsun pamit iya sakedhap kewala.

17. Nora lawas lilanana,
sun arsa nuruti budi,
saking suda tadhahingwang,
ing sadina tan nyukupi,
tan betah ngelih mami,
nora ana kang tinuku,
beras pan pinepetan,
wong Kaos lan mong Medayin,
kepindhone dhasar sanget larang pangan.

18. Pira-pira kang nagara,
kena ing geger tan aris,
lawase amangun aprang,
iya mungsuh wong Medayin,
lawan Sang Raja Jobin,
gawe larang beras gandum,
mila ngong arsa medal,
iya arsa anuwuki,
leganana iya kakang nora lawas.

19. Nauri Dyan Umarmaya,
pa gene sira Marmadi,
tan duwe budi santosa,
munduran kaya pekathik,
dadya sami narpati,
pan sira beda satuhu,

lurahe para nata,
sira ingkang amajibi,
rumeksane ing Gusti myang wadya tantra.

20. Yen sira angoncatana,
ing sadina ingkang baris,
sayektine iya owah,
entheng binobot ing jurit,
akeh para narpati,
mung sira ratu gegedhug,
ingsun lan arinira,
Si Ariya Ngalabani,
apan padha drema nglakoni parentah.

21. Kuwate teka ing sira,
Prabu Lamdahur nauri,
ingsun kakang Umarmaya,
miwah yayi Ngalabani,
ingsun tan arsa amit,
dadi ilang setyaningsun,
mring Gusti Jayengrana,
Umarmadi anauri,
mara ingsun pajegen beras rong koyan.

22. Iya rong koyan sadina,
tri atus ringgit sunwehi,
ingsun pajege saleksa,
atampaa saben enjing,
saleksa reyal mami,
nauri sira Lamdahur,
endi olih manira,
kang mungsuh samya mepeti,
nadyan mungsuh tan ana bedane uga.

23. Saking rusake wong desa,
anging ta kaceke ugi,
bature antuk ngrarayah,
wantune wong aneng jawi,

yen ingong sapuniki,
angur dadiya wong jagul,
mangan sawiyah-wiyah,
kena jajan buntel bringkis,
sun tan bisa ewuh uwong dadi raja.

24. Upama kerangsangana,
dadi delajat nagari,
pasthi nagarane rusak,
yen ratu tan marem ugi,
sangsaya kang wadya lit,
kang ginayuh-gayuh luput,
malarat wong sapraja,
lah iku angele Aji,
luwih gampang yen dadiya janma kompra.

25. Miyarsa kalangkung suka,
wong agung ing Ngalabani,
iya kiraka senengan,
yen mungguh ing awak mami,
sanadyan silih miskin,
angur si dadiya ratu,
mangan pendhak rong dina,
alumuh dadya wong cilik,
sanadyan ta duwea inten sabara.

26. Mangsa nganggoa makutha,
sira Umarmadi angling,
yen tan tuhu awakingwang,
mangsaa pamita mami,
lan sira Guritwesi,
miwah Parangteja prabu,
Ngalabani kya arya,
ilang setyangong wus lami,
iya marang Gustiku Sang Kakungingrat.

27. Angucap dyan Umarmaya,
aja lunga Umarmadi,

pan sira iku pusaka,
lulurahe para Aji,
apan ta awak mami,
drema ngrewangi lakumu,
mendah ucaping jana,
ingkang liya-liya malih,
yen tan ana bobote mring Jayengrana.

28. Iku gegedhuging raja,
teka pijer angulati,
amelik badhogan sega,
tiwas temen Jayengmurti,
kompra kinarya aji,
datan ana bobotipun,
esmu merang Marmadya,
kalepat nulya lumaris,
garundelan Marmadi aturut dalan.

29. Kalamun ingsun amita,
lungengsun ngulati bukti,
lah iya mangsa uliha,
tuwas den la-ala mami,
den oyak kanca mami,
upama pindho ping telu,
tan wande denwiwirang,
ing pondhokan sampun prapti,
Umarmadi nimbali mring Raja Jasma.

30. Jasma suntitipi sira,
tri leksa wong tukon mami,
balanjane wuwuhana,
angrong atus semat malih,
sawulan wong sawiji,
lan mas nelung saga wutuh,
nyakati bras sadina,
den ajeg menyake sapi,
lulurahe sadina loro maenda.

31. Namung beras ngong kang kurang,
salagi pailan mami,
yen ana angurupena,
beras lawan sosotyadi,
pira genya ngajèni,
iya ngong paparing liru,
saking tan kelar ingwang,
sudane tadhah salatri,
nateng Jasma turira arsa punapa.

32. Alon ngandika Sang Nata,
ya wis menenga ywa bribin;
ing siyang tan kawursita,
kawuwusa sampun latri,
lolos Prabu Marmadi,
sawiji tan mawi wadu,
anjujur wanawasa,
ana pondhokan kaeksi,
kalih ewu kathahe ingkang watara.

33. Akathah daganganira,
pira-pira unta kuldi,
angedol beras karsanya,
marang Karsinah nagari,
pinurug wong keh nenggih,
winade barisan agung,
mring Katijah nagara,
wong Medayin Kaos sami,
wong adagang untung pra samya kasmaran.

6. SANG AMIR KEPANGGIH KALIYAN PRABU UMARMADI

Asmaradana

1. Warnanen Prabu Marmadi,
jujug pondhoke kapila,
iya kapila tegese,
iku lulurah juragan,
samya kagyat sadaya,
jalma teka dalu-dalu,
wong siji anjaluk sega.

2. Nulya sami den obori,
warnane kya Umarmadya,
ireng anjanggereng gedhe,
aneh lawan ing wong kathah,
batur njarwani sira,
kang atunggu alas agung,
dewane ing ara-ara.

3. Payo padha den aturi,
ki Dewa amundhut sega,
anulya binagi akeh,
gulenya wedhus sajuga,
ingkang kuldi satunggal,
memreng pipindhang segenuk,
lan tumpeng pipitu wetah.

4. Abikut denira bukti,
tumpeng pipitu peragad,
bresih kabeh lan iwake,
nulya sare ngathang-athang,
geger ing pamondhokan,
ana kecu wolung puluh,
kang nedya ngampak pondhokan.

5. Kagyat Prabu Umarmadi,
atakon iki anapa,

dene gumeder arame,
ki Dewa ing ara-ara,
dika sare kewala,
lagi wonten kampak rawuh,
sakilene pamondhokan.

6. Tedhak Prabu Umarmadi,
kapila samya tut wuntat,
tinuduhaken mangilen,
malingira kang katingal,
aneng jawi pondhokan,
sinander akeh kapikut,
binanting sami palastra.

7. Rangkep pat lima binanting,
pipitu samya palastra,
kang dhinupak kang sinampe,
jinotos pejah angglasah,
wentisnya kadi gada,
mati maling pitung puluh,
amung sapuluh kang gagal.

8. Lumayu ngungsi wanadri,
kang palastra pitung dasa,
ingkang mulat hebat kabeh,
sigra mantuk ing pondhokan,
nulya sare Marmadya,
kang para kapila kumpul,
sarewangira guneman.

9. Lah ta kanca yen suwawi,
ki Dewa ing ara-ara,
sinaosan pundhutane,
ginawa saparan dagang,
marang nagri Karsinah,
mateni kang gawe rusuh,
kareksa saparanira.

10. Dene ta dhahare sami,
pinatung ing sanak kathah,
gigiliran sadinane,
wus rembag sagung kapila,
wuwusen enjangira,
pra samya dangdan abikut,
Marmadya ris atatanya.

11. Iki mangkat marang endi,
gumer adandan dagangan,
kapila alon ature,
kaki Dewa ara-ara,
dagang dhateng Karsinah,
paduka Dewa jwa kantun,
ingsun kang manci andika.

12. Karanten wektu puniki,
inggih kathah bebegalan,
dene maksih aprang rame,
bala Kaos keh ngalambrang,
samya katendhagan bras,
pajegen wedhus tetelu,
iya ingsun kang sadina.

13. Aja sira walang ati,
rong ewua wong bebegal,
ngebuhna mring ingong bae,
saksana budhal kapila,
Marmadi tinuwukan,
datan kawarna ing enu,
prapteng Nagari Karsinah.

14. Jujug mring pasar tumuli,
anuju ramene pasar,
kapila wus majeng kabeh,
Marmadi atunggu onta,
aneng tepining pasar,
alinggih tambining bulu,

gantya ingkang winursita.

15. Nagri Karsinah winarni,
genya kapaten narendra,
dereng wonten kang mandhireng,
wonten pasanggirinira,
nagari ing Karsinah,
iya pan turun-tumurun,
paksi panengeranira.

16. Aran manuk Saomahi,
singa kang den encokana,
iku ingkang madeg katong,
mangkana patih Karsinah,
mepak sagung punggawa,
arsa nguculaken manuk
lami tan adarbe raja.

17. Wadya Karsinah akerig,
samya aneng panangkilan,
kang peksi inguculake,
lajeng miber aneng pasar,
peksi ana ngencokan,
kang lenggah ngandhaping bulu,
ingencokan sirahira.

18. Nulya sami dentututi,
dene satriya punggawa,
kang peksi minanggih mencok,
ing sirahe Umarmadya,
sigra samya sineba,
dening para punggawa gung,
wong pasar cingak sadaya.

19. Umatur Rekyana Patih,
heh tuwan kawula bekta,
ulun adegaken katong,
dene tuwan ingencoken,

dhateng pun peksi Indra,
Saomahi peksi pulung,
pasanggririning Karsinah.

20. Umarmadi anuruti,
lah iya sakarsanira,
ingong anuruti bae,
kapila samya angucap,
Umarmadi dengawa,
lah iki Dewa lehingsun,
kang atunggu ara-ara.

21. Sapraptane poncaniti,
linenggahken singangsana,
ingaturan makuthane,
titilare ratu seda,
sinaosken sadaya,
samya suka denya ndulu,
wadyeng punggawa Karsinah.

22. Mangsa bodho Saomahi,
apantes dadya narendra,
ageng sugreng ambaledheh,
teka semu asembada,
ratu ambek pasaja,
ingaturan dhahar sampun,
binoja rinengga-rengga.

23. Suka Prabu Umarmadi,
nutug genya abujana,
myang satriya punggawa keh,
apatih tansah ing ngarsa,
ben jeng mantri punggawa,
sawusnya adhahar kundur,
Sang Nata malebeng pura.

24. Pura tiningalan sepi,
datan ana sorinira,

mung wong wadon awon-awon,
Sang Nata glis wangsul medal,
prapta ing panangkilan,
heh patih pa mulanipun,
jro pura suwung kewala.

25. Tan ana kang prameswari,
kya Patih matur anembah,
inggih makaten Sang Katong,
lampahe nagri Karsinah,
lamun suwarni pejah,
maksih urip kakungipun,
nulya pinendhem uripan.

26. Ngandika Prabu Marmadi,
mangkono caraning kuna,
lah iya kaya kapriye,
anging sawadine iya,
ingong duwea somah,
nulya ingaturan sampun,
wanodya putra bupatya.

27. Wayah raja kaping kalih,
linebetaken ing pura,
Prabu Marmadi nulya ge,
kundur maring dalem pura,
garwane rinabasa,
duk tinembe nulya lampus,
amung sawengi sadina.

28. Prabu Marmadi tinangkil,
warta marang balanira,
yen pejah prameswarine,
gupuh samya karya makam,
miwah bandhusanira,
kang laywan ginawa sampun,
kang mikul para santana.

29. Dene prameswari Aji,
tur genira ababakal,
binekta ngastana age,
linebetaken kaluwat,
apatih matur sigra,
lah paduka Sanga Prabu,
pukulun malbeng kaluwat.

30. Wasisan pinetak Gusti,
Prabu Umarmadi mojar,
heh ta patih iku bae,
kang wus mati urugana,
pan durung gelem ingwang,
dene ingsun durung lampus,
teka arsa ingurugan.

31. Kyana Patih matur aris,
pan sampun caraning kuna,
sampun ta paduka wangkot,
duk paduka mundhut garwa,
amba matur pratela,
yen makaten caranipun,
Prabu Marmadi ngandika.

32. Sira gawe ratu mami,
iya apa ta temenan,
apa gagorohan bae,
Kyana Patih matur nembah,
inggih tuhu narendra,
heh apatih basa ratu,
kuwasa ngowahi adat.

33. Lamun carane tan becik,
ratu kuwasa ambuwang,
dadya sirep sakathahe,
tan ana saged matura,
inggih sakarsa Nata,
garwa ingurugan sampun,

bubar maring panangkilan.

34. Apatih umatur aris,
wonten caraka satunggal,
yen ratu mentas kapaten,
bujana neng panangkilan,
lawan sagung punggawa,
Prabu Marmadi amuwus,
iku adat kang prayoga.

35. Payo nuli den lakoni,
nora ala kang pranata,
nulya bujana karamen,
lawan sagunge punggawa,
Sang Prabu kapaekan,
dinarubesi wus rubuh,
rinante sira Sang Nata.

36. Anulya den penawani,
lenga wijen lawan jeram,
anulya nglilir Sang Katong,
rante wus aneng sarira,
angungun Umarmadya,
Rekyana Patih umatur,
heh Sang Nata paran karsa.

37. Ayun paduka ta mangkin,
tan apurun kinaluwat,
Kya Umarmadi ambekos,
ora yen isih uripan,
lah mara patenana,
yen durung mati tan purun,
mara nuli patenana.

38. Warnanen Sang Jayengmurti,
lampahe prapteng Karsinah,
lajeng mring panangkilane,
cingak bala ing Karsinah,

samya cipta mangkana,
kang prapta iku wong gunung,
patute wong ing Jabalkap.

39. Jayengmurti prapteng ngarsi,
gening wong rinubung kathah,
mulat Marmadya den rante,
tilase mentas sineba,
teka ya sinangsaya,
piniyak kang samya ngrubung,
Wong Agung jumeneng ngarsa.

40. Heh pa dosane kang janmi,
Umarmadi kagyat mulat,
ana wong sejen warnane,
mampir amila mredata,
sireku wong alasan,
mengkene ta purwanipun,
pan ingsun iki wong Arab.

41. Ing Karsinah kang nagari,
anyar kapaten narendra,
nguculaken Saomahe,
kang peksi mencok maringwang,
duk ingsun maring pasar,
sinereg ngong dadi ratu,
nuli sun mundhut wanita.

42. Sadina sawengi mati,
garwengsun nuli pinetak,
sun arep den ilokake,
arsa pinendhem uripan,
yen ingsun durung pejah,
kudu pineksa kinubur,
anut carane wong edan.

43. Ngandika Sang Jayengmurti,
pa gene lumuh ta sira,

kalamun uwus tatane,
Prabu Marmadi anyentak,
iya mangsa pelaga,
wong alasan dhiwat-dhiwut,
mangsa idhepa lukita.

44. Teka milu mredatani,
apan aku lurah raja,
balane Jayengpalugon,
dadak kaya warnanira,
arsa beneri ingwang,
apan ingsun ratu agung,
tan arsa beneran corah,

45. Pan tatane jaman ngendi,
amung Karsinah nagara,
kang duwe tata mangkene,
konangan Gustiningwang,
nagara nora kaprah,
pesthi sira ajur mumur,
lamun ora marenana.

46. Ngandika Sang Jayengmurti,
Gustimu arane sapa,
ingkang kokwadekake,
sumaur Prabu Marmadya,
wau wus ngrungu sira,
sang Kalana Jayengpupuh,
mantu Medayin Sri Nata.

7. UMARMADI PANGLING DHATENG WONG AGUNG

Sinom

1. Wong Agung welas tumingal,
marang Prabu Umarmadi,
nulya rante kinethokan,
ajur rantas rontang-ranting,
wong Karsinah udani,
ajrih pan samya lumayu,
amung papatihira,
ngadhepi Sang Jayengmurti,
Umarmadi peksane arsa ngamuka.

2. Astanira glis cinandhak,
mring Kalana Jayengmurti,
Marmadi tan bisa obah,
lah uculna alas aglis,
sun amuke den enting,
wong Karsinah ingsun gempur,
heh aja Umarmadya,
aranta padha basuki,
sun atanya kowe wruh si Jayengrana.

3. Nauri Prabu Marmadya,
pa gene nora udani,
apan yekti Gustiningwang,
kang asih ing awak mami,
lawan ingsun kinardi,
lulurahe para ratu,
adora bae sira,
ngaku wruh Si Jayengmurti,
Umarmadi macicil saure sugal.

4. Heh sira iki wong apa,
tatakon aniti-niti,
ana wong duwe bendara,
sira paido udani,
wong agung ngling ing galih,

tuhu Umarmadi pandung,
iya mring jenengingwang,
lah ta sira Umarmadi,
yen anaa ing kene Sang Jeyengrana.

5. Apa nora pangling sira,
nauri Sang Umarmadi,
pa gene yen apanglinga,
apan iya Gusti mami,
Jayengmurti nulya glis,
buka ules mukanipun,
Umarmadi den awas,
tingalana sapa mami,
Umarmadi angrungkeb nungkemi pada.

6. Dhuh Gusti tur pejah amba,
agung duraka pun patik,
dangu angoko ing tuwan,
wong Karsinah aningali,
kalamun Jayegmurti,
pra samya asugun-sugun,
samya tur pejah gesang,
dene banda Umarmadi,
datan uning yen ulubalang ing tuwan.

7. Wus kinen salin agama,
wadyeng Karsinah geng alit,
lajeng denira bujana,
Umarmadi matur aris,
marma paduka Gusti,
awarni kang wulu manuk,
dhiwut-dhiwut apanjang,
ajejenggot kadi peksi,
pan kawula Gusti nyuwun jinarwanan.

8. Lah iya wus sunapura,
paran wartine ing wuri,

pa gene ta sira pisah,
lan Arimas Ngalabuni
tuwin Si Guritwesi,
apadène para ratu,
matur Sri Umarmadya,
boten saking giwang galih,
inggih saking kawula tan betah lapa.

9. Pamit dhateng Umarmaya,
pukulun datan marengi,
ulun sagah tan alama,
meksa boten denlilani,
milamba lolos wengi,
nuruti luamah ulun,
prapta amba Karsinah,
binekteng ing tiyang grami,
prapteng pasar nuju wonten sayembara.

10. Inggih kawula kencokan,
dening peksi Saomahi,
marma ngadeg naradipa,
inggih kang sinedyang ati,
nuwuk kità rumiyin,
yen sampun anunten mantuk,
dhateng nagri Katijah,
pan dereng wonten gumingsir,
maksih ajeg barise para kang nata.

11. Sadaya kanang kawula,
tan wonten ginggang satunggil,
pan inggih namung kawula,
saking tan kuwawi Gusti,
anyuda ingkang bukti,
ing tadhah sadintenipun,
denya lami kinepang,
beras pinepot ing jawi,
inggih dhateng ratu Jobin lan Nusirwan.

12. Kalamun boten wontena,
pangapuntene mring dasih,
sayekti mangsa gesanga,
ngandika Sang Jayengmurti,
lah aja walang ati,
sumedya apuraningsun,
akeh wong milu pejah,
ingkang mungguh lawan Gusti,
nadyan sanak pawong sanak akeh dhangan.

13. Mung ginawa luwe iya,
arang kwasa anglakoni,
agampang ginawa pejah,
pan sukane wong angabdi,
den sapa den waregi,
yen iku nora lumaku,
metu dahwene uga,
marmane wong madeg Aji,
aja cingkrang maring kang telung prakara.

14. Kang dhingin wong juru masak,
ping pindho wong juru kori,
ping tiga wong rabikudam,
wong juru masak upami,
ciningkrangan tan yukti,
karyane lawan kang tunggu,
upama ciningkrangan,
weyang nggene tunggu kori,
rabikudam yen ratu apelawanan.

15. Kalawan papatihira,
tan sarju karsaning Aji,
tan wande juti ing lampah,
mangkana Sang Jayengmurti,
anenggih tigang latri,
ing Karsinah lerehipun,
wus kinen ngowahana,

carane kang dhingin-dhingin,
tan lenggana ing reh Sang Surayenglaga.

16. Papatihireng Karsinah,
ingadegaken narpati,
wus budhal Sang Kakungingrat,
wong Karsinah angurmati,
samya sumedya ngiring,
nanging samya kinen wangsul,
Jayengmurti tan arsa,
kedah lumakya pribadi,
wong sakawan anenggih kalima kuda.

17. Prabu Marmadi turira,
karsa paduka mring pundi,
Gusti anunten kundura,
dhateng Katijah nagari,
ngandika Jayengmurti,
Marmadi ing karsaningsun,
marang kutha Katijah,
Umarmadi matur aris,
pan punika kantun lampahan sawulan.

18. Mila sampun sanes cipta,
dipun ameleng ing kapti,
umesem Sang Jayengrana,
lạh iya payo den aglis,
saksana dyan lumaris,
kalangan bangawan agung,
kang nambangi tan ana,
mulat ana larung keli,
heh ta Ayub gebyurana larung kentar.

19. Yen ana jisim jronira,
buwangen dimene keli,
larunge gawanen mentas,
ginawe nyabranga becik,

Ayub anggebyur aglis,
anglangeni punang larung,
binektá minggir nulya,
Ayub tan wuningeng isi,
satuhune ta bela isi raseksa.

20. Binekta minggir kewala,
amentas datan kuwawi,
katur yen ingkang tabela,
ingentas boten kuwawi,
Balul agya nulungi,
nanging tan kuwawi njunjung,
wagednya namung ngentas,
jinunjung datan kuwawi,
Umarmadi wau kinen tutulunga.

21. Anggetem panjunjungira,
tumandang datan kuwawi,
sinelehken kang tabela,
ngungkaban dening Marmadi,
isi ingkang raseksi,
atangi lajeng anubruk,
Umarmadi tinepak,
tan wrin solahira nguni,
nulya wonten wong liwat pinggiring toya.

22. Cineluk dening Marmadya
wong liwat mandhega dhingin,
ingsun iki benerana,
buta iki ngong luwari,
saking tabela nguni,
wusana teka anubruk,
iya lah ngendi ana,
binecikan angalani,
wong kang liwat gumuyu nulya wacana.

23. Lah sira iku pan dora,

endi ana kang raseksi,
semono gedhe birawa,
malebu tabela alit,
mangsa sedhenga ugi,
danawa ageng aluhur,
sumaur kang danawa,
iya teka tabla mami,
salawase neng kene goningsun nendra.

24. Wong liwat wuwuse sugal,
dora temen ke raseksi,
mara silih malebus,
pan ingsun arsa udani,
nguculaken Marmadi,
malebet danawa gupuh,
Marmadi ken ngineba,
tabela tinutup malih,
wus kinunci binekta ngarsa wong Menak.

25. Katur ing sasolahira,
suka tyas Sang Jayengmurti,
gawanen iku ta iya,
sun gawa danawa mulih,
maring Katijah nagri,
punang tabela pinanggul,
sigra wau lalampah,
bengawan wus densabrangi,
pan andina lalampah Wong Agung Menak.

26. Yen latri rerep anendra,
byar raina gya lumaris,
wong papat kalima kuda,
Sang Umarmadi anyunggi,
tabela kang kaisi,
danawa Marmadi ngringkuk,
antara sampun prapta,
sawulan denya lumaris,

Umarmadi matur meh celak jajahan.

27. Kang tumut bumi Katijah,
Gusti prayitna ing kapti,
meh caket dhateng barisan,
amung kantun kalih latri,
barise ratu Jobin,
miwah ramanta Sang Prabu,
dupi kari sadina,
ngandika Sang Jayengmurti,
lah karia Umarmadi wong titiga.

28. Ing wengi bae manjinga,
ing kitha angati-ati,
aja pisah wong titiga,
ingsun iya andhingini,
lawan turangga mami,
iya sun gawa rumuhun,
poma padha denyitna,
tabela ja kongsi kari,
tur pranata Marmadi manis sembahnya.

8. WONG AGUNG PINANGGIH KALIYAN INGKANG GARWA DEWI MUNINGGAR

Dhandhanggula

1. Wus rumiyin Menak Jayengmurti,
lan turangga pun Sekarduwijan,
wus laju ingkang lampahe,
gantya ingkang winuwus,
ingkang aneng Katijah nagri,
Wong Agung Parangteja,
lan Marmaya kumpul,
miwah sagung kang punggawa,
para ratu kang sami rumekseng Gusti,
Kusumayu Muninggar.

2. Kusumayu Muninggar anenggih,
animbali marang Umarmaya,
samana prapteng ngarsane,
ngandika Retnaning Rum,
Umarmaya ingsun petungi,
iya ingkang wirayat,
bapa Betaljemur,
ing lungane Gustinira,
ing Wukir Kap praptane wolulas warsi,
iya ing petungingwang.

3. Taun sasine ingsun petungi,
myang dinane tan luwih sadina,
ing dina iki jangkepe,
tutug wolulas taun,
Umarmaya umatur aris,
sami lawan kawula,
miwah para ratu,
tan wonten gothang sadina,
tuwin yayi Maktal inggih apan sami,
jangkep dinten punika.

4. Umarmaya undhangna para Ji,
padha nuwuna marang Hyang Suksma,
muga tulus sawangsite,
ki Wreda Betaljemur,
ya praptaa sadina mangkin,
jangkepe kang wirayat,
ing wolulas taun,
ki Umarmaya wus medal;
kawarnaa wau ta Sang Rajaputri,
minggah ing papanggungan.

5. Buka candhela neng panggung nginggil,
kaungkulan sajroning kadhatyan,
Sang Retna tambuh solahe,
angungak saking luhur,
ing marga gung kang denpriksani,
manawa bokmanawa,
langkung kang don pupuh,
marang nagari Ngajerak,
dene tutug ing dina taune sami,
jangkep wolulas warsa.

6. Wonten peksi kapodhang kakalih,
miber buron anyampar jandhela,
wongsal-wangsul panyampare,
sinampe-sampe luput,
sarwi munya pating jalerit,
Sang Retna angandika,
beka temen manuk,
ingsun lagi ngungak-ungak,
ndedelengen teka sira mbaribini,
agung nyampar wadana.

7. Heh Salaga pundhuten den aglis,
gandhewa lan jemparinge pisan,
wus katur marang Gustine,
menthang gandhewa sampun,

heh kapodhang sunpasang giri,
yen sira keneng panah,
netranira terus,
pangajapaningsun prapta,
dene lamun salah ing pangajap mami,
luputa ingsun panah.

8. Peksi wangsul nulya jinemparing,
kena terus mata karo pisan,
kadya susunduk panahe,
mumbul jemparing katut,
pan kumepyur Sang Rajaputri,
tedhak saking manara,
animbali gupuh,
marang Raden Umarmaya,
prapteng ngarsa ngandika Sang Rajaputri,
Marmaya sunwawarta.

9. Sawedalnya sira ingsun tuding,
ingsun nuli munggah ing menara,
ingsun buka jandhelane,
ciptaningsun ing kalbu,
ing Gustimu manawa prapti,
ana manuk kapodhang,
nyinyiwo maringsun,
sajodho babit talingan,
ting jalerit ngrusuhi ngen-angen mami,
sisiwo ing ngarsengwang.

10. Nulya ingsun karya pasang giri,
pan mangkene iya ujaringwang,
heh manuk sun panah kowe,
lamun matamu terus,
pasthi lamun Wong Agung prapti,
sadina mengko iya,
kalamun ko luput,
Wong Agung pan nora prapta,

dupi ingsun panah kaya den sunduki,
katut panah ginawa.

11. Ulatana Marmaya den aglis,
panah ingwang ginawa kapodhang,
angulon wau ibere,
Ki Umarmaya matur,
kadi pundi nggening ngulati,
pae sing umiyata,
tatkalane mabur,
Sang Rajaputri lingira,
lah susulen angulon ibering peksi,
enggal den kongsi kena.

12. Umarmaya sigra denya mijil,
pan angilen ngulari kapodhang,
kang katutan jemparinge,
Retna Muninggar wau,
aningali ing kanan kering,
datan wonten katingal,
Umarmaya laju,
bok si peksi manjing wana,
Umarmaya agung ngungak-ungak nginggil,
kakayon tan katingal.

13. Kawarnaa Menak Jayengmurti,
saking kilen den iring ing kuda,
kikinthil aneng wurine,
kagyat katiban manuk,
neng ngarsane cinandhak aglis,
peksi katutan panah,
kagyat Jayengpupuh,
panahe yayi Muninggar,
ya pagene teka binandhang ing peksi,
baya meng-ameng panah.

14. Wus pinecat sigra sinangkelit,

peksinira sarwi binubutan,
denya lumampah arereh,
kagyat Marmaya rawuh,
aningali wong salah warni,
baya ika wong apa,
teka dhiwut-dhiwut,
iki baya wong alasan,
nulya katon turangga pelag kikinthil,
eram denira mulat.

15. Dupi kawaspadan Jayengmurti,
mulat marang Marmaya tan samar,
lah Si Umarmaya kiye,
kaya na karyanipun,
banda tangan aneng wanadri,
wus celak tan anyapa,
baya iku pandung,
prapta yun-ayunan pisan,
Umarmaya prapta nulya ling-ilingi,
panah kang sinangkelang.

16. Heh wong alas olihemu ngendi,
panah iku kang sira sangkelang,
wong agung alon saure,
iya olihku nemu,
aneng marga katut ing peksi,
Umarmaya sru mojar,
iku ingsun jaluk,
kagungane Gustiningwang,
iya iku sasuwene sun ulati,
nauri Jayengrana.

17. Panah iki nggoningsun amanggih,
ya pa genea sira jaluka,
sira wuruk sudi gawe,
singa darbe ngong nemu,
iya aneng jroning wanadri,

Umarmaya ameksa,
Wong Agung akukuh,
lah iya mangsa kenaa,
lamun sira roda-roda nora becik,
Marmaya sru lingira.

18. Iku panahe Sang Rajaputri,
iya garwane Wong Agung Menak,
iku kagungan wong gedhe,
pan dudu papadhamu,
teka wani sira ngukuhi,
apa wani ta sira,
marang Jayengpupuh,
prajurit tanpa lawanan,
sugih bala andel-andele prajurit,
keh ratu wirotama.

19. Punggawane saking Ngalabani,
kang minangka manggalaning aprang,
wong limang leksa pamuke,
lamun mamanah ampuh,
amanaha prawata wesi,
yekti datan mindhoa,
rug kang waja gunung,
ana malih andeling prang,
Alamdahur iya ratu ing Serandil,
gadane sabongkoktal.

20. Ginadakna iya marang ardi,
dadi awu akeh para raja,
padha widigdaya kabeh,
tur ratu agung-agung,
ana maning kari sawiji,
rada mambu santana,
wegig ing pakewuh,
yen ngendrajala aguna,
kang paparab Raden Arya Pulangwesi,

gegedhuging santana.

21. Ratu Kaos lan ratu Medayin,
nora wani angrokos ing yuda,
milalu kinepung bae,
ya saking para ratu,
bala Arab padha ti-ati,
lah apa wani sira,
mungsuh Jayengpupuh,
pira kwate wong sajuga,
jalma alas Wong Agung alon nauri,
pa gene ngong wania.

22. Ingsun iki apan ingkang abdi,
ingsun iya teka ing Jabalkap,
praptaningsun ya kinongkon,
ing Gusti Jayengpupuh,
pan ingutus marek ing Gusti,
Retna Dewi Muninggar,
iku lakuningsun,
agepah Marmaya ngucap,
kalingane dutane Sang Jayengmurti,
saking gunung Jabalkap.

23. Lamun sira ingutus sayekti,
alah mara jarwaa maring wang,
lah ingsun sapuregele,
marang Sang Jayengpupuh,
menggalani bicara mami,
ingsun iki Marmaya,
bok sira durung wruh,
insa Allah den praçaya,
kaya nora nemu dudukaning Amir,
yen babari manira.

24. Pan Wong Agung śira anauri,
nora arsa sunbabar ing sira,

apan ana wewelinge,
Gusti Sang Jayengpupuh,
lamun sira prapta ing benjing,
ja arsa singa wonga,
ngandhega lakumu,
nadyan silih sapa-sapa,
aja arsa sira temua prabadi,
lan Yayimas Muninggar.

25. Umarmaya pangucape bengis,
sira iku tan wruh ing lukita,
lah iya endi tatane,
ingkang kaya ujarmu,
wus jamake nganggo ling-aling,
apan ana ing sira,
bisa kang denutus,
yen sira ninggala cara,
kenapane pasthi Sang Rajapinutri,
rineksa para raja.

26. Pasthi jaga prayitna ing galih,
nuli ana tindak kang mangkana,
para ratu kang nora weh,
padha rumekseng kewuh,
dening dhustha upaya sandi,
lamun ingsun ngirida,
ya kang para ratu,
tan ana dahwen sadaya,
pasthi enak atine para narpati,
yen nora ora kena.

27. Iya mangsa katemu lan Gusti,
wong alasan kudu murang tata,
tan kanggo nagara kene,
embuh tatamu gunung,
dyan wong agung alon nauri,
mangkono kang pitungkas,

yen ana katemu,
wong kang aran Umarmaya,
kinen babarlah aja sira babari,
yen meksa luhung ingwang.

28. Ngur wangsula iya awak mami,
bali maring ing gunung Jabalkap,
umatur ingkang akengken,
Umarmaya macucu,
ciptanira kalamun bali,
katura mring Sang Retna,
yen duta awangsul,
baya mati kang pinala,
nora kaya sanak ngong gunung tinuding,
sithik sira babara.

29. Nora kudu akeh ya mung kedhik,
sarapate bae tuturana,
nuli sun aturken age,
mring Gusti Sang Retna yu,
lamun sira babar sajati,
pan ana tuwasingwang,
jaluk apa mring sun,
sosotya lon saurira,
karya apa prasasat wedhi karikil,
prajaningsun tan kurang.

30. Umarmaya ing galih sumirih,
sawadine aja kongsia nglah,
iya raganingsun tembe,
lah payo den agupuh,
anuruta ing laku mami,
alasan sun atanya,
sapa darbe iku,
turangga kang dera bekta,
liwat pelag nauri Sang Jayengmurti,
turangga paparingan.

31. Kang minangka tutunggangan mami,
iya iki weton ing Jabalkap,
Won Agung cipteng driyane,
kepati dera pandung,
Umarmaya mring jeneng mami,
ya ta eca lalampah,
gantya kang winuwus,
Nusirwan duk siniwaka,
lawan Jobin andher sagunging narpati,
Jobin asru ngandika.

32. Iya Bestak petangane ugi,
Betaljemur salungane Ambyah,
lamun wolulas taune,
yen jangkep tan apunjul,
yeku prapta Si Jayengmurti,
patih Bestak aturnya,
dora Betaljemur,
yen pejah sinten mriksaa,
ing Jabalkap apan ta pinggiring langit,
paranta witing warta.

33. Betaljemur alon anauri,
lah ing jaba yen ana wong liwat,
katelu lan turanggane,
iku Sang Jayengpupuh,
dina iki wolulas warsi,
geneping wiwilangan,
padha sira dulu,
sigra samya amariksa,
estu lamun janma mlampah telu wajik,
sumedya mring jro pura.

34. Kang turangga amurub kaeksi,
inggih kadi punika yaktosa,
Kya Bestak alon wuwuse,
suwawi Sang Aprabu,

bala Kaos sami tinuding,
mumpung inggih kapisah,
anunten tinubruk,
pinejahan mumpung gindhal,
wus anuduh mangkat prajurit sakethi,
asigra lampahira.

35. Marmaya wruh lamun den tututi,
heh wong alas nora weruh sira,
mungsuh ika pan marene,
sira ingsun binuru,
lah ta enggal Marmaya aglis,
lalaren linumpatan,
laren kang kapitu,
wong agung aris kewala,
melbeng laren Sekarduwijan pan kari,
samya lok ponang mengsah.

36. Payo batur mumpung Jayengmurti
neng jro laren kinarubut kathah,
kawuwung sing luhur kene,
dene turangganipun,
pan jinarah wadya kang karsi,
Sekarduwijan myarsa,
ngerik thakur-thakur,
lajeng anubruk angerah,
kadya yaksa tan kena den parepeki,
ing mengsah anggelasah.

37. Kweh pepejah baune manguwir,
jaja bengkah polo ngemprak-emprak,
tan rinasa pambendronge,
maledug kang wadya gung,
keh ngemasi pra samya angling,
lah iki jaran apa,
apan ginarumung,
cecel-bucel teka nora,

yen amengkal anujah mbabarpisani,
rowang wus anggelasah.

38. Karusakan prajurit sakethi,
akeh mantri ingkang kalesedan,
tan ana mangga kiwule,
watara tigang ewu,
ingkang mati ngamuk turanggi,
lumayu asasaran,
miris denya ndulu,
Kya Patih Bestak lingira,
ulat payus estu Ambyah ingkang prapti,
kuda ngamuk tan kewran.

39. Sri Narendro Jobin ngandika ris,
iku durung pramana Kya Bestak,
yen besuk metu jurite,
iku tuhu yen rawuh,
Umarmaya wau ningali,
polahe kang turangga,
duk kalaning ngamuk,
macicil apandelikan,
gedheg-gedheg tan ana ngalam donya tri,
bawana ngiribana.

40. Pan ingawe Sang Jayadimurti,
kuda miyat anulya amilar,
liwat laren kapitune,
sigra malbeng kitha wus,
Umarmaya agung ngucemil,
amulat kang turangga,
sarywa lon amuwus,
lah iku delengen uga,
para ratu pakuwone angebeki,
paran nggene gagampang.

41. Ya mulane jarwakna ing mami,

yen Sang Retna upama mulata,
wong kaya sira warnane,
baya nuli lumayu,
apa ingkang dipun sadeni,
sampelah Umarmaya,
tan angsal angrimuk,
lah uwis sira karia,
kene bae sun matur Sang Rajaputri,
nurut Sang Kakungingrat.

42. Nanging tansah gumujeng ing galih,
nora kaya kakang Tasikwaja,
kapati panglinge mring ngong,
Marmaya prapta sampun,
ing ngarsane Sang Rajaputri,
ngandika Sang Lir Retna,
apa ta katemu,
panah ingsun Umarmaya,
gih pinanggih kapendhet utusan prapti,
saking nagri Jabalkap.

43. Boten kening kawula waleri,
kedah sowan kawula tan angsal,
ing wuwus mamrih jinaten,
warnane dhiwut-dhiwut,
Jeng Paduka kadi tan sudi,
inggih mawi turangga,
binusanan murub,
Sang Retna gupuh ngandika,
basakena sira Arya Guritwesi,
sarupa-rupane ya.

44. Nuli konen malebu den aglis,
kaya ngapa pitungkase kana,
kawula yun mriksa age,
sigra Marmaya metu,
panggih payo ta lah den aglis,

sira enggal ngandikan,
marang Sang Retna yu,
kerid prapteng teterusan,
lah sireki iya manjinga pribadi,
manira sung tupiksa.

45. Marang sagung kang para narpati,
lamun ana duta ing Jabalkap,
nulya kur-ungkuran age,
Ki Umarmaya metu,
pan Wong Agung manjing pribadi,
kagyat sagung pawongan,
duk miyat kang rawuh,
samya narka brakasakan,
kang ingutus ing Gusti Sang Jayengmurti,
baya wewe Jabalkap.

46. Sang Retna yu umiyat gya mijil,
Jayengmurti anulya ambuka,
ules kang neng wadanane,
ilang wuluning manuk,
katon cahya Nabi Ibrahim,
lir sasangka katrangan,
ing ima mawelu,
kagyat Kusuma Muninggar,
anjrit nangis lumajeng nyungkem pada glis,
binekta Madetengah.

47. Gumerayah sagung para cethi,
kawan ewu andher ing ngayunan,
lir mina kasatan ing we,
mangkya kasrambah ranu,
ragan-ragan samya mrepeki,
wulu slira ngalapan,
denira Sang Ayu,
kabeh kang munggwing sarira,
wusnya bresih sarira lir bengle keris,

kadya abonyo jenar.

48. Lami sinalekep kulit peksi,
wus ginanda maring Sang Dyah Retna,
pupundhutan ngarsa andher,
anadhah Jayengpupuh,
akaliyan Marmaya prapti,
saking asung tupiksa,
marang para ratu,
praptanira dalem pura,
aningali Wong Agung kapanggya bukti,
kaliyan Madetengah.

49. Umarmaya malengger tan angling,
lir kinancing lathinya Marmaya,
amempis-mempis napase,
kadya minggah marga gung,
dangu-dangu melet mandelik,
sisirig sarwi marak,
ing ngarsa Wong Agung,
ngujiwat Sang Kakungingrat,
banget teman Marmaya denira pangling,
Umarmaya mangrepa.

50. Dipun ageng apunten ing dasih,
dene dangu pangoko kawula,
aniya-niya sabdeng ngong,
dene adhiwut-dhiwut,
ngandika lon Sang Jayengmurti,
lah aja wancak driya,
gung apuraningsun,
Umarmadi kaya sira,
ing Karsinah madeg ratu den taleni,
iya ingsun kang ngluwar.

51. Dahat pangling iya maring mami,
Umarmaya matur pun Marmadya,

wonten ing pundi samangke,
lagi aneng delangung,
iya prapta ing mengko bengi,
ngrendhon anyunggi ditya,
Ayub lan Si Balul,
wong Mekah alunga dagang,
kabilaen sinarah ratu Jin Wilis,
kapareng ana ingwang.

52. Umarmaya aturira aris,
sakathahe kang para narendra,
kinepung saenggen-enggen,
datan giwang sarambut,
setya tuhu ing paduka Mir,
pan amung Umarmadya,
pan lolos ing dalu,
Sang Kakungingrat ngandika,
iya uwis sarupane kang lagi sih,
dosa ingsun apura.

53. Demi Gusti ngapura ing dasih,
ingkang dosa pikantuk apura,
heh Umarmaya den age,
dhawuhna para ratu,
lamun ingsun iya wus prapti,
yayimas Parangteja,
den aglis melebu,
dyan Umarmaya wus medal,
gya winartan praptanira Jayengmurti,
gambira para nata.

54. Wus misuwur sawadyengbala Mir,
mungel ing lor kulon kidul wetan,
tabuhan umyung swarane,
salaminya kinepung,
datan apa swara kumlesik,
mangkya Gusti wus teka,

enggar kang wadya gung,
gumruh ing sajroning kitha,
liman anggro turangga pating calerik,
weh aswaning tidharsa.

55. Saenggane kakayon wanadri,
katibanan udan mangsa kapat,
ragan-ragan tyas bala kweh,
tan antara ing dalu,
ingandikan para narpati,
mangaras delamakan,
sagung para ratu,
cipta lir amanggya Retna,
sagung Kut Sang Umarmadi duk prapti,
Ayub Balul rowangnya.

56. Dadya tan ana sare sawengi,
abujana lán sapara nata,
Marmadi tutur solahe
duk kala winayung-yung,
neng Karsinah umadeg aji,
gumuyu bata rebah,
sagung para ratu,
sadalu datan kaselan,
kang ginunem lalakone Umarmadi,
kapungkur enjangira.

9. PRABU NUSIRWAN KALIYAN PRABU JOBIN KAPLAJENG

Pangkur

1. Wau ta kang kawuwusa,
Prabu Jobin lan Prabu Nyakrawati,
miyarsa umyung gumuruh,
jroning kitha Katijah,
wus anyipta estu Jayengrana rawuh,
samya angundhangi bala,
samya aprayitneng jurit.

2. Mangkana Sang Kakungingrat,
wus antara tengara miyos jurit,
supenuh kang para ratu,
madeg baris Katijah,
samya berag gambira ingkang wadya gung,
lami tan miyosi yuda,
tuwin prajurit Medayin.

3. Jobin miyosi ngayuda,
wus akapang barise Prabu Jobin,
miwah prajurit Medayun,
aglar munggeng ngayunan,
dyan angrasuk busana Sang Jayengpupuh,
tumedhak saking amparan,
amiyosi ing ngajurit.

4. Mangsah dharat Jayengrana,
wadyeng Arab surak gumuruh atri,
Marmadi ngandikan maju,
sarta bekta tabela,
Jayengrana susumbar anguwuh-uwuh,
sapa kang arsa palastra,
papagena tandang mami.

5. Ana ratu apralebda,

Karunkenjor amit ing ratu Jobin,
lawan Sang Prabu Medayun,
kawula magut aprang,
parandene salaminipun angepung,
tan wonten miyosi yuda,
mung punika amiyosi.

6. Ingiden mangsah payudan,
Karunkenjor narik pedhangira glis,
angayati sarwi muwus,
mati ko Jayengrana,
pedhang tiba sinangga paglanganipun,
pinidih pedhange kena,
pinedhangaken sira glis.

7. Sigar parise malela,
jangga pagas Karunkenjor ngemasi,
pan cinandhak wentisipun,
sinempal ponang pukang,
sinasempal binalangaken mring mungsuh,
Bestak asru wuwusira,
heh budi nganyar-anyari.

8. Sangka gunung ing Jabalkap,
niru saking tandange kang raseksi,
anulya Sang Jayengpupuh,
tabela ingungkaban,
duk umedal danawa arsa anubruk,
binarengan wus pinedhang,
danawa pagas ngemasi.

9. Pinu kang sinempal-sempal,
binalangken iki leh-oleh mami,
Sri Jobin yen sira yun wruh,
kagum Sri Jobin kena,
Patih Bestak katiban endhasing diyu,
agundam-gundam lumajar,

kemlurusen pan kapesing.

10. Galundhung tibeng ngarsanya,
ilat melet neng ngarsa Si Medayin,
Sri Naranata akagum,
lumayu gundam-gundam,
pan maledug mawur sagung kang angepung,
giris binalangan ditya,
Sang Jayengmurti sigra glis.

11. Sigra kundur masanggrahan,
saha wadya para ratu prajurit,
lajeng bojana anginum,
lan sagung para nata,
asri ti non amboga drawina nginum,
Jayengrana awawarta,
sasolahira ing nguni.

12. Duk aneng gunung Jabalkap,
winartakken sagunge para aji,
kala Sang Durga anglamus,
tuwin Ranes ambuwang,
miwah kaladuk kabaleder ing endhut,
tan katon saliranira,
kang ngentas Patih Sanhasil.

13. Samya kapiluh sadaya,
kang miyarsa sagung para narpati,
awlas denira angrungu,
denya katula-tula,
tanpa rewang kasurang meh tekeng lampus,
para ratu keh angucap,
ya marenea Sanhasil.

14. Sun males pitung kamulyan,
saweneh ping seket sunpinisalin,
angucap sarwi rawat luh,
weneh saguh wanodya,

pitung puluh ing sawengi nguyun-uyun,
keh kaule para nata,
arsa gendhong pitung latri.

15. Iku kalebu utama,
atutulung marang ing kawlas asih,
mangkana tutug sadalu,
tan ana kang anendra,
Jayengmurti tan kendel wawartanipun,
dupi ngantuk para nata,
sinelan kandha Marmadi.

16. Dadya gumer tapuk giyak,
bata rebah asuka mari arip,
Ki Umarmaya amuwus,
lah iku Umarmadya,
leh winalat wong tinggal kanca pra ratu,
binanda marang wong desa,
wong urip pinendhem wani.

17. Sangsaya asumyak-sumyak,
myang pawongan parekan para cethi,
sawengi tan ana turu,
Marmadi tan kena bah,
saben obah ginonjak kang para ratu,
kadya suraking ayuda,
pra samya denjujuluki.

18. Kiraka Prabu Karsinah,
heh si adhi Karsinah Sri Bupati,
karane sangsaya lemu,
wareg beras Karsinah
tan winarna ing enu gantya winuwus,
Jobin lan Prabu Nusirwan,
sedya mring nagri ing Demis.

19. Angungsi nedya ngrasaya,
bok ingusir balane Jayengmurti,

dening bisikaning ratu,
raja Humum prakoswa,
gung aluhur dedegira nateng Humum,
sembada wira tamengprang,
Sri Naranata ing Demis.

20. Mangkana kang aneng wana,
Sri Nusirwan lawan Narpati Jobin,
ngandika nateng Medayun,
Bestak sira dhingina,
atutura sira marang Raja Humum,
yen ingsun arsa ngungsia,
marang ing Nagareng Demis.

21. Saksana Kya Patih Bestak,
angriyini budhal marang ing Demis,
saha wadya lampahipun,
dumrojog manjing kitha,
nulya katur marang sira raja Humum,
kalamun Ki Patih Bestak,
dinuteng Prabu Medayin.

22. Bestak sampun pinanggihan,
dhinawuhken timbalan Sri Bupati,
nauri narendra Humum,
iya Bestak prayoga,
Sri Narendra praptaa ing kuthaningsun,
prakara kang dadi iya,
kalilipe Sri Bupati.

23. Manira kang ngilangena,
Kyana Patih Bestak anulya amit,
sigra-sigra lampahipun,
ing marga tan kawarna,
